**Муниципальное казённое общеобразовательное учреждение**
**«Средняя общеобразовательная школа №1 с. п. Псыгансу»**
**Урванского муниципального района КБР**

| | | |
|---|---|---|
| Рассмотрено на заседании ШМО учителей филологичекого цикла<br>Протокол № 1 от «29» аавгуста 2024 г.<br>Руководитель ШМО<br>_________М.Х.Хараева | Согласовано с методическим советом.<br>Протокол № 1 от «29» августа 2024<br><br>_Руководитель методсовета _________ М.Б. Безирова | Утверждено<br>приказом директора от 29 августа 2024г.<br>№ 44 -ОД |

# *РАБОЧАЯ ПРОГРАММА*

**Родной язык, родная литература**

(образовательная область)

**Кабардино-черкесская литература (родная)**

(наименование учебного предмета, курса)

**Основное общее образование**

(уровень образования)

**2024-2025 учебный год**

(срок реализации программы)

**2024г.**

## Зыубзыху тхыгъэ

5-9 классхэм адыгэ литературэмк1э зэрылажьэ программэр зэхэлъхьа хъуащ щ1эныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ 1уэхущ1ап1э Псыгуэнсу езанэ курыт еджап1эм и зэрылажьэ программэхэр зэхэлъхьа хъунымк1э положенэр и тегъэщ1ап1эу икIи «5-11-нэ классхэм папщ1э адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэ программэ» тхылъымк1э Налшык 2010 гъэ. Программэр я 1эдакъэщ1эк1щ Хьэк1уащэ А.Хь. зи унафэщ1 1эщ1агъэл1 гупым.

## Учебнэ планым предметым щиубыд щ1ып1э

Щ1эныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ 1уэхущ1ап1э Псыгуэнсу езанэ курыт еджап1эм и учебнэ планымк1э 2021-2022 гъэ еджэгъуэм «Адыгэ литературэм» 5-9 классхэм хухех:
**5-нэм** сыхьэт 70, тхьэмахуэм сыхьэти 2
**6-нэм** сыхьэт 35, тхьэмахуэм сыхьэту 1
**7-нэм** сыхьэт 35, тхьэмахуэм сыхьэту 1
**8-нэм**сыхьэт 35, тхьэмахуэм сыхьэту 1
**9-нэм** сыхьэт 68, тхьэмахуэм сыхьэти 2

## Учебно-методическэ комплект

1. **5-нэ класс**Багъ Н. А., Балэ Л. Ф., Учебник-хрестоматие Налшык, «Эльбрус» 2019
2. **6-нэ класс**Ержыб А.К.,Налшык ,« Эльбрус», 2019гъэ.
3. **7-нэ класс**Т1ымыжь Хь.Т., Балэ Л.Ф.,Налшык, «Эльбрус» 2019гъ.
4. **8-нэ класс** Бищ1о Б.Ч.,Налшык, «Эльбрус» 2018 гъ.
5. **9-нэ класс** Бищ1о Б.Ч.-хрестоматие,.Хьэк1уащэ А. Х.-учебникНалшык,«Эльбрус», 2017 гъ.
6. Ержыб А.Къу. Адыгэ тхак1уэхэмрэ абыхэм я тхыгъэ щхьэхуэхэмрэ. Налшык , 1967.
7. Ержыб А.Къу., Хьэщыкъуей А.Хь. Шэрджэс тхак1уэхэм я тхыгъэхэр курыт школым зэрыщегъэджыпхъэр. Налшык, 1987.
8. Хьэк1уащэ А.Хь. Къэбэрдей 1уэры1уатэм и хрестоматие. Налшык , 1987.
9. Хьэк1уащэ А.Хь. Адыгэ 1уэры1уатэ (еджак1уэхэм папщ1э). Налшык, 1992.
10. Абазэ А., Хьэрэдурэ Э., Тэнащ Т. Адыгэ драматическэ тхыгъэхэр 8-9-нэ классхэм зэрыщегъэджыпхъэ. Налшык, 2005.
11. Балэ Людмилэ.Изложенэхэмрэ сочиненэхэмрэ .5-11 кл Налшык. «Эльбрус». 2008 .
12. Тау Жантий.Диктантхэмрэ изложенэхэмрэ. 5-9 классхэм папщ1э Налшык. «Нарт» тхылъ тедзап1э. 1990.
13. Къармокъуэ Хь., Адыгэ 1уэры1уатэ, Налшык «Эльбрус», 1992
14. Ержыб А.Къу., Хьэщыкъуей А.Хь., Шэрджэс тхак1уэхэр, Налшык
15. «Эльбрус», 1987 гъ.
16. Хьэкъун Б. И. Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр. Налшык, 1992.
17. ЩхьэщэмыщI Хь. Хь. АдыгэцIэ зиIэ псэущхьэхэр. Налшык, 1998.
18. Щхьэгъэпсо С. Хь., Слон Л.Хь. КъэкIыгъэхэм я адыгэцIэхэр. Налшык, 1994.

### Еджак1уэм ФГОС-м ипкъ итк1э игъуэтыпхъэ щ1эныгьэхэмрэ есэныгьэхэмрэ:

- художественнэ тхыгьэ яджахэр, абыхэм я сюжетымрэ литературнэ л1ыхъужьхэмрэ;
- зэхэщ1ык1ыгьуэ гуэрхэм я щытык1э щхьэхуэхэр: пейзаж, портрет, егъэлеиныгъэхэр;

гук1э зэрагьэщ1эн хуейуэ программэм къигъэлъагьуэ тхыгьэхэр.

Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейщ:

- литературнэ л1ыхъужьхэр я хьэл-щэнрэ я 1уэхущ1афэ елъытауэ ягьэбелджылыфын, абыхэм ятепсэлъыхьыфын;
- зэджа тхыгъэхэм хэт изобразительно-выразительнэ 1эмалхэр (пейзажыр, егьэлеиныгъэр) къагьуэтыфын, абыхэм я1э мыхьэнэр къа1уэтэфын;
- художественнэ тхыгъэхэм, тхылъым ит текстхэм тэмэму, псыщ1эу ик1и зыхэщ1эгъуэу еджэфын. Зэреджэну псынщ1агьыр: зы дакъикъэм псалъи 110-120;

- эпическэ тхыгъэ мыин дыдэр е абы щыщ пычыгъуэр к1эщ1у, убгъуауэ е хэчыхьауэ жьэры1уатэуи тхыгъэк1и къа1уэтэжыфын;
- литературнэ л1ыхъужьым тепсэлъыхь тхыгъэ зэрызэхалъхьэн план ягъэувыфын;
- яджа произведенэм теухуа сочиненэ-рассужденэ къызэрагъэпэщыфын (тхыгъэк1э е жьэры1уатэу)

**Егъэджыныр зэрызэхэлъымрэ абы къызэщIиубыдэмрэ**

**5 класс**

**Еджэныгъэр зэрызэхэлъымрэ къызэщ1иубыдэмрэ.**

**Хэзыгъэгъуазэ (1 сыхь.)**

Литературэр гъуазджэм и зы пкъыгъуэу, жылагъуэмрэ ц1ыху щхьэ закъуэмрэ зыхэпсэук1 дунейр къигъэлъагъуэу зэрыщытыр. Адрейхэм къащхьэщык1ыу абы гъащ1эм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэр- блэк1ар, ек1уэк1ыр, къэк1уэнур - художественнэ образк1э ди пащхьэ къызэрырилъхьэр.Предмет щхьэхуэу ар еджап1эм зэрыщаджыр, абы и мыхьэнэр. Еджак1уэхэм я гупсысэм, зэхэщ1ык1ым зиужьын, гъэсэныгъэ ек1у ягъуэтын, псэлъэк1э тэмэм ящ1эн, дахагъэр зищ1ысыр къагуры1уэн, ф1ымрэ 1еймрэ зэхагъэк1ыф хъун папщ1э, литературэм игъэзащ1э къалэнхэр.

**Адыгэ 1уэры1уатэ (сыхь. 2)**

Хэзыгъэгъуазэ. 1уэры1уатэк1э зэджэмрэ абы и пкъыгъуэхэмрэ. 1уэры1уатэм и плъыфэ нэхъыщхьэхэр: ар жьэры1уэтэжурэ зэрызек1уэр, зым хэхауэ имейуэ (къэзы1уэтэжми, зэхэзыхыу зы1уэтэжми), ц1ыхубэм я зэхуэдэу зэрыщытыр, абы къыхэк1ыуи ц1ыхубэ лъап1эныгъэу (творчествэу) зэралъытэр.

Таурыххъэр, нэгъуэщ1у мы жанрым зэреджэхэр - псысэ, шыпсэ.

**«Бажэ хеящ1э» (I сыхь.)**

Таурыхъыр зытеухуа 1уэхугъуэр. Щак1уэхэм кърахужьа Дыгъужьыр Л1ыжь ц1ык1ум къызэрыригъэлыр. Дыгъужьыр ф1ы къыхуэзыщ1ам къызэрыхущ1эк1ыжар; Л1ыжь ц1ык1ур къызэрела щ1ык1эр. Бажэм и образыр таурыхъым къызэрыхэщыр, Нэгъуэщ1 псэущхьэхэу абы дызышрихьэл1эхэр. Таурыхъым дызыхуиущийр: ф1ы къыпхуэзыщ1эм ф1ыуэ хущытыжын; зэгуэр ф1ы къыпхуэзыщ1ам ухуэмеиж хъуа щхьэк1э, лей емыхыжын, сыт щыгъуи захуэм и телъхьэу щытын.

**«Дзыгъуэхэм я хейр джэдум зэрищ1ар» (1 сыхь.)** таурыхъыр зытеухуар. Джэдум 1эмалу къигупсысар. Дзыгъуэхэр жы1эзыф1эщу зэрыщытым зэрытек1уэдэжар. Мы таурыхъыр л1эужьыгъуэк1э зыхуэдэр - псэущхъэхэм ятеухуа таурыхъыу зэрыщытыр. Апхуэдэу иджыри дызыщыгъуазэхэр. Псэущхьэхэм ятеухуами, ц1ыхухэм я гьащ1эм ещхьу абыхэм къахэщыжхэр.

**«Пк1ауэи джэш дзык1э» (1 сыхь.).** Таурыхъым и зэхэлъык1эр. Пк1ауэ зи ц1э л1ы ц1ык1ум и 1уэхухэр кьызэрек1уэк1ар: ар мы1эзэу 1эзафэ зытригьауэу, абы хьер къызэрыхихыфар. Мыпхуэдэ таурыхъхэм нэхъыбэу ягъэзащ1э къалэныр – зэш трагъэууэ, ц1ыху.м и 1эмалшыгъэхэм зрагъэужьу зэрыщытыр.

**«Иныжьым и къан» (сыхь.2)** Таурыхъым и тэхэлъык1эмрэ къэ1уэтэк1эм хэлъ хьэлэмэтагъхэмрэ. Иныжьым и образыр. Абы и гьэсэн щ1алэм и образыр. Адрей образхэр зыхуэдэмрэ къалэну ягъэзащ1эмрэ. Ахэр зытет дунейр ди дунейм зэрещхьыр, къазэрыщхьэщык1ыр. «Телъыджэ таурыхък1э» узэджэ хъуну таурыхъ л1эужьыгъуэр.

Литературэм и теорие. Ц1ыхубэ таурыхъхэр; таурыхь л1эужьыгъуэхэр

**«Къэблэжьар лъап1эщ» (1 сыхь.).** Таурыхъым и купщ1э сюжетымрэ л1ыхъужь нэхъыщхьэу хэтхэмрэ. Лэжьыгъэм ц1ыхур зэхэщ1ык1 и1эу зэригъасэр къызэрыгъэлъэгъуа щ1ык1эр. Псалъэк1э щ1алэм кьыгурымы1уэу щытар 1уэхум щынэсым, псынщ1э дыдэу къызэрыгуры!уар. Адэм сэбэп къыхуэмыхъуамрэ къыхуэхъуамрэ. 1уэхугъуэ къызэрыгуэк1хэм ятеухуа таурыхъ л1эужьыгъуэм мыр зэращыщыр.

**Псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэмрэ.(1 сыхь.)**

Псалъэжьхэр я закъуэ дыдэу бзэм зэрыхэмытыр, ат1э нэхъыбэм ахэр псалъэм къызэрыдэк1уэр. Апхуэдэхэр къызэрыгуэк1 псалъэхэм елъытауэ нэхъ шэрыуэу, гупсысэ куу ящ1элъу, зэгъэк1ук1э дахэ я1эрэ псэр яхьэхуу, гум иубыдэгъуаф1эу зэрыщытыр. Псалъэжьхэм я тематикэм гьащ1эм и лъэныкъуэ псори кьызэрызэщ1иубыдэр.

Хъыбар гъэщ1эгъуэн зи1э псалъэжьхэр. А хъыбархэр 1уэры1уатэм и пкъыгъуэ щхьэхуэу зэрыщытыр.
**Къуажэхьхэр. Псынщ1эрыпсалъэхэр ( сыхь.2)-**
Къуажэхь джэгук1эр, езы псалъэр къыщ1ежьар, къыщагъэсэбэп хабзэ псалъэ зэдзахэр. Къуажэхь нэхъ дахэу, къэщ1эгъуейуэ еджак1уэхэм ящ1эхэр. А 1уэры1уатэ л1эужьыгъуэм сабийм и зэхэщ1ык1ым зиужьынымк1э мыхьэнэуэ и1эр.
Къуажэхьк1э зэпеуэ егъэк1уэк1ын.
Псынщ1эрыпсалъэу еджак1уэхэр зыщыгъуазэр, ахэр къызэра1уэтэфыр ик1и абыхэм зэштегъэу мыхьэнэ нэхъ имы1эу зэ еплъыгъуэк1э къызэрыпщыхъур. Анэдэлъхубзэр ф1ыуэ пщ1энымк1э, ар бгъэбзэрэбзэфу ущытынымк1э мы 1уэры1уатэ л1эужьыгъуэм мыхьэнэуэ и1эр.
Псынщ1эрыпсалъэк1э зэпеуэ егъэк1уэк1ын.
**К1ыщокъуэ А.П. (сыхь. 2)**
Усак1уэм теухуа псалъэ.
«Елбэздыкъуэ» литературэ псысэр. 1уэры1уатэм и хабзэхэм тету поэмэм хэт зэкъуэшищыр зэрызэпэгъэувар, нэхъыщ1эм зэрихьэ л1ыгъэр нэхъ егъэлеяуэ зэрыщыгъэлъэп1ар. Лъэпкъым и зэхэщ1ык1ыр, и 1уэху еплъык1эр, и хьэл-щэн нэхъыф1хэр Елбэздыкъуэ и образым зэрыдэплъагъур.
Литературэм и теорие. Литературэ псысэк1э зэджэр, абы и л1эужьыгъуэхэр. 1уэры1уатэми литературэми я нэщэнэхэр абы зэрыхэплъагъуэр.
**Акъ М.У. (сыхь. 3)**
Тхак1уэм тсухуа псалъэ.
«Маргъын и шабзэ» рассказым 1уэры1уатэм щыщу хэлъ нэщэнэ нэхъыщхьэхэр. Ц1ыхум и насыпыр езыр-езыру къызэрымык1уэр, ар ерыщагъэрэ л1ыгъэк1э къэхьын зэрыхуейр тхыгъэм къызэрыхэщыр. Рассказым хэт образхэм (Да1уэрей, Банэрей, Плъэрей, Шхэрей сымэ) егъэлеиныгъэ яхэлъыныр зэпхар, апхуэдэ л1ыхъужьхэм лъэпкъ 1уэры1уатэм уазэрыщыхуэзэр. Пэжагъыр, ц1ыхугъэр мыхъумыщ1агъэхэм тек1уэныр хъыбархэм зэранэщэнэр, ар зэпхар.
Предметхэм яку дэлъыпхъэ зэпыщ1эныгъэхэр. Адыгэбзэ. Жьабзэмрэ тхыгъэбзэмрэ. Литературэбзэм теухуа гуры1уэныгъуэ.
**Пащ1э Бэчмырзэ (1 сыхь.)**
Пащ1э Б.М. теухуа псалъэ. Усак1уэм и лэжьыгъэр 1уэры1уатэмрэ тхыбзэ литературэмрэ зэпызыщ1эу зэрыщытыр. «Бэлыхь зимы1эр захуагъэщ» усэр. Зы1эрыгъэхьэгъуейуэ щытми, ерыщу щ1экъум и мурадыр зэрызригъэхъул1эфыр, гугъэр адэ щ1эиныф1у ц1ыхум къызэрыдэгъуэгурык1уэр усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.
Усэм и гъэпсык1эр.
Л и т е р а т у р э м и т е о р и е . Художественнэ литературэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр: усыгъэр, прозэр, драматургиер.
**ЦагъуэН.А.(сыхь2)**
**Бештокъуэ Хь.Къ. (1 сыхь.)**

И лъахэм усак1уэм хуи1э лъагъуныгъэр «Адэжь щ1ыналъэ» усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар, тыгъэ нэхъыщхьэу ар щалъхуа щ1ыналъэм зэрыхуэхъуапсэр. Лирикэ л1ыхъужьым и образыр усэм зэрыщызэф1эгъэувар. Усэм и гъэпсык1эр.
**Мечиев Кязим «Си къуэм папщ1э» (1 сыхь)**
Усэм къуэр къызэрыщыгъэлъэгъуар. Ц1ыхубэм и щхьэхуитыныгъэм щ1эбэн къуэм къэмыск1эу и гъащ1эр зэрит. Адэм быным хуи1э щытык1э дахэмрэ лъагъуныгъэ инымрэ усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Гуауэшхуэм зэщ1иубыда адэм и 1эдэбагъыр, и бэшэчагъыр, и шы1эныгъэр нэмысымрэ л1ыгъэмрэ я щапхъэу зэрыщыт. Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр къызэрыгъэлъэгъуа щ1ык1эр, ар зэрытха бзэм и1э щытык1эр.
**Уэхъутэ А.Н. (сыхь. 3)**
Тхак1уэм теухуа псалъэ.
Дыкъэзыухъуреихь дунейр хуэсакъыу хъумэн зэрыхуейм «Дудакъ» рассказым дыкъызэрыхуриджэр. Ц1ыхум хэлъ гуапагъэр, гущ1эгъур къуалэбзухэми зэрызыхащ1эр тхыгъэм къызэрыхэщыр. Мэзанэ и образыр.
Л и т е р а т у р э м и т еорие. Рассказ жанрыр. Прозэу тха тхыгъэм и бзэр усэм ейм къызэрыщхьэщык1ыр.

П р е д м е т х э м я к у д э л ъ ы п х ъ э з э п ы щ 1 э н ы г ъ э х э р .    Адыгэбзэ. Псалъэуха. Псалъэуха къызэрык1уэхэмрэ зэхэлъхэмрэ.

**Къашыргъэ Хь.Хь. (сыхь. 3)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ.

«Зы жэщ» рассказым Хэку зауэшхуэм и зэман хьэлъэр къызэрышыгъэлъэгъуэжар, зауэм и бэлыхь мыухыжхэр къызэрыгуэк1 ц1ыхухэм я фэ зэрыдэк1ыр тхыгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Анэм и образыр. Тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэр, абы и художественнэ гъэпсык1эр, и бзэм и къулеягъыр.

Л и т е р а т у р э м и т е о р и е . Литературэ л1ыхъужьыр, къызэщ1эзыкъуэ къару абы щ1элъыр, и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр.

П р е д м е т х э м я к у д э л ъ ы п х ъ э з э п ы щ 1 э н ы г ъ э х э р . Хэку зауэшхуэмрэ Тек1уэныгъэм и махуэмрэ теухуауэ адыгэ усак1уэхэм я псалъэхэр зыщ1элъ уэрэдхэр. Абыхэм макъамэтхымк1э едэ1уэн, тепсэлъыхьыжын.

**Кулиев К.Ш. (1 сыхь.)**

Усак1уэм теухуа псалъэ.

Анэм и быным хуи1э лъагъуныгъэр, хуэмыпшыныжын къалэн абы зэрыхуищ1эр «Анэ» усэм къызэрыхэщыжыр. Абы и жэуапу быныр анэм зэрыхущытын хуейуэ усэм къыщыгъэлъэгъуар. Ущииныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэуэ тхыгъэм и1эр.

**К1уащ Б.И. (1 сыхь.)**

Усак1уэм теухуа псалъэ.

Тхылъым къалэн зэхуэмыдэу ц1ыхум хуищ1эр «Си гъусэщ» усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Псалъэм и къарур, и зэф1эк1ыр абы зэрыщыгъэлъэп1ар. Еджак1уэм ныбжьэгъу пэж тхылъыр хуэхъунымк1э усэм и1э мыхьэнэр.Усэм и гъэпсык1эр, и бзэр.

Л и т е р а т у р э м и т е о р и е . Усэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр. Зэгъэпщэныгъэ, къэгъэпсэуныгъэ художественнэ 1эмалхэр.

**Журт Б.Къу. (сыхь.3)**Тхак1уэм теухуа псалъэ.

Хэку зауэшхуэр къэралми, ц1ыхухэми я дежк1э зэхэгъэк1ыныгъэшхуэу зэрыщытар «Адэ лъапсэжь» рассказым къызэрыхэщыжыр. И лъахэм и щхьэхуитыныгъэм папщ1э Нэшрэдин и псэр зэритар. Ц1ыхум илэжь ф1ыр зэрымык1уэдыр рассказым гупсысэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъур.

**Хьэнфэн А.М. (сыхь. 1)** Тхак1уэм теухуа псалъэ.

«Мывэ къуэлэн ц1ык1у» рассказым къуажэ фызыжьхэм (Мелэч, Аулэд, Хъыбархъан сымэ) я образхэр, гушы1э хэлъу, къызэрыщыгъэлъэгъуар.

Щ1эныгъэншагъэм ахэр зыхидзэ 1уэху дыхьэшхэныр; псэууэ къызэрелам щхьэк1э, тхьэлъэ1у ящ1ыну яужь зэрихьэр.

Рассказым и гъэпсык1эр.

**Щомахуэ А.Къ.(1сыхь.)**

**Къагъырмэс Борис ( сыхь.2)** Тхак1уэхэм теухуа псалъэ.

Еджак1уэм хэлъын хуэмей хьэл-щэн мыхъумыщ1эхэр къыщ1эгъэщыным «Зэраншу» ауан усэр зэрытеухуар. Абыхэм яшыщу усак1уэм пыухык1ауэ къыхигъэщхьэхук1хэр.

Усэм и гьэпсык1эр.

Литературэм и теорие. Ауанымрэ 1ушы1эмрэ. Ахэр художественнэ литературэм къызэрыщык1уэ щ1ык1эхэр.

Иджырей еджак1уэхэм я гьащ1эр, я 1уэхущ1афэхэр, зэхэщ1ык1-гупсысэхэр «Псори зыщ1э Болэт» рассказым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Щ1эныгъэм и мыхьэнэр, абы пылъ ф1ыгъуэр тхыгъэм къызэрыхэщыр. Болэт и образыр.

Литературэм и теорие. Художественнэ тхыгъэр зытеухуамрэ къыщи1уатэ гупсысэмрэ.

**Щоджэнц1ык1у А. I. (1 сыхь.)**    Усак1уэм теухуа псалъэ.

Гъэм и дахэгъуэ лъэхъэнэр «Май» усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар, абы и нэщэнэ пыухык1ахэу усак1уэм зи гугъу ищ1хэр. Гъэм и дахагъымрэ лъахэм и зыужьыныгъэмрэ тхыгъэм зэрыщызэпэджэжыр.

Усэм и гъэпсык1эр, и бзэр.

**Бак1уу М.И. (сыхь. 2)** Тхак1уэм теухуа псалъэ.

Зи адэр зауэм ираджа бынунагъуэр зыхэхуэ къулейсызыгъэр «Щ1акхъуэ» рассказым

къызэрыхэщыр. Анэм и зэф1эк1ыр абы зэрыщыгъэлъэп1ар, ерыскъым пщ1э хуэщ1ын зэрыхуейм ныбжьыщ1эхэр зэрыхуигъасэр.
Рассказым и гъэпсык1эр, и бзэр.
**Гъэунэ Б.Хь. (сыхь. 2+2)** Тхак1уэм теухуа псалъэ.
Зауэм къимык1ыжа и адэм сабийм хуи1э лъагъуныгъэм и кууагъыр «Уэ къэк1уэж закъуэ, папэ» рассказым къызэрыщыгъэлъэгъуар; адэ-анэм хуащ1ын хуей пщ1эм абы щ1эблэр зэрыхуигъасэр. Зауэ нэужь илъэсхэм ц1ыхухэм я псэук1ар тхыгъэм къызэрыхэщыр.
Рассказым и гъэпсык1эр, и бзэр.
Литерат у р э м и теорие. Эпитетыр, абы и къэгъэсэбэпык1эхэр.
**Гъубжокъуэ Л.М. (сыхь. 3)**
Тхак1уэм теухуа псалъэ.
Сабийхэр лэжьыгъэм щ1эп1ык1ыныр, ар ф1ыуэ ялъагъуу къэгъэтэджыныр «Бжьэ къэпщ1ахэр» рассказым къьпэрыщыгъэлъэгъуар. Зэныбжьэгъухэу Хьэсаншрэ Муазинрэ ф1ыуэ еджэнхэу бжьахъуэ л1ыжь Мусэ зэрытригъэгушхуэр, абыхэм зэрадэ1эпыкъур.
Рассказым и гупсысэ нэхъыпцхьэр, хэлъ ущие дахэр.
**Тхьэгъэзит З.М. (1 сыхь.)**
Усак1уэм теухуа псалъэ.
Тхьэгъэзит З.М. «Гуапагъэ» усэмк1э «ф1ы щ1эн» къалэн лъап1эм и хэкуэгъухэр кьызэрыхуриджэр. «Щ1ыху гуапэщ1» зыхужа1эхэр усак1уэм и нэгу къызэрыш1игъэхьэр, А щэныф1ыр ц1ыхум гугъэ езытыж кьару зэрыхъур, абы хэти зэрыхуэныкъуэр усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.
Усэм и гъэпсык1эр, и бзэр.
**Класс щ1ыб еджэныгъэ (сыхь.7)**
**Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ** (сыхь.5)
**Къытегъэзэжыныгъэ (сыхь.8)**

## 5класс

**Хэзыгъэгъуазэ** (1сыхь.)
Литературэр гъуазджэм и зы пкъыгъуэу, абы гъащIэр къигъэлъагъуэу зэрыщытыр. Адрейхэм къащхьэщыкIыу абы гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэр - блэкIар, екIуэкIыр, къэкIуэнур - художественнэ образкIэ ди пащхьэ къызэрырилъхьэр. Предмет щхьэхуэу ар еджапIэм зэрыщаджыр, абы щиубыд увыпIэр, ЕджакIуэхэм я гупсысэм, зэхэщIыкIым зиужьын, гъэсэныгъэ екIу ягъуэтын, псэлъэкIэ тэмэм ящIэн, дахагъэр зищIысыр къагурыIуэн, фIымрэ Iеймрэ зэхагъэкIыф хъун папщIэ, литературэм игъэзащIэ къалэнхэр..
**«Бажэ хеящIэ»** (1сыхь.).Таурыхъыр зытеухуа Iуэхугъуэр. ЩакIуэхэм кърахужьа Дыгъужьыр ЛIыжь цIыкIум къызэрыригъэлыр. Дыгъужьыр фIы къыхуэзыщIам къызэрыхущIэкIыжар; ЛIыжь цIыкIур къызэрела щIыкIэр. Бажэм и образыр таурыхъым къызэрыхэщыр. НэгъуэщI псэущхьэхэу абы дызыщрихьэлIэхэр. Таурыхъым дызыхуиущийхэр: фIы къыпхуэзыщIэм фIыуэ хущытыжын; фIы къыпхуэзыщIэм ухуэмеиж хъуа щхьэкIэ, лей емыхыжын, сыт щыгъуи захуэм и телъхьэу щытын.
**«Дзыгъуэхэм я хейр джэдум зэрищIар»** (1сыхь.) Таурыхъыр зытеухуар. Джэдум Iэмалу къигупсысар. Дзыгъуэхэр жыIэзыфIэщу зэрыщытым зэрытекIуэдэжар. Мы таурыхъыр лIэужьыгъуэкIэ зыхуэдэр - псэущхьэхэм ятеухуа таурыхъыу зэрыщытыр. Апхуэдэу иджыри дызыщыгъуазэхэр. Псэущхьэхэм ятеухуами, цIыхухэм я гъащIэм ещхьу абыхэм къахэщыжхэр.
**«ПкIауэ и джэш дзыкIэ»** (1сыхь.). Таурыхъым и зэхэлъыкIэр. ПкIауэ зи цIэ лIы цIыкIум и Iуэхухэр къызэрекIуэкIар: ар мыIэзэу Iэзафэ зытригъауэу, абы хьер къызэрыхихыфар. Мыпхуэдэ таурыхъхэм нэхъыбэу ягъэзащIэ къалэныр – зэш трагъэууэ, цIыхум и Iэмалшыгъэхэм зрагъэужьу зэрыщытыр.
**«Иныжьым и къан»** (сыхь.2) Таурыхъым и зэхэлъыкIэмрэ къэIуэтэкIэм хэлъ хьэлэмэтагъхэмрэ. Иныжьым и образыр. Абы и гъэсэн щIалэм и образыр. Адрей образхэр зыхуэдэмрэ къалэну ягъэзащIэмрэ. Ахэр зытет дунейр ди дунейм зэрещхьыр, къазэрыщхьэщыкIыр. «Телъыджэ таурыхъкIэ» узэджэ хъуну таурыхъ лIэужьыгъуэр.
Литературэм и теорие. ЦIыхубэ таурыхъхэр; таурыхъ лIэужьыгъуэхэр.
**Къуажэхьхэр. ПсынщIэрыпсалъэхэр** (1сыхь.). Къуажэхь джэгукIэр, езы псалъэр къыщIежьар, къыщагъэсэбэп хабзэ псалъэ зэдзахэр. Къуажэхь нэхъ дахэу, къэщIэгъуейуэ

еджакIуэхэм ящIэхэр. А IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэм сабийм и зэхэщIыкIым хэхъуэнымкIэ мыхьэнэуэ иIэр.КъуажэхькIэ зэпеуэ егъэкIуэкIын.
ПсынщIэрыпсалъэу еджакIуэхэр зыщыгъуазэр, ахэр къызэраIуэтэфыр икIи абыхэм зэштегъэу мыхьэнэ нэхъ имыIэу зэ еплъыгъуэкIэ къызэрыпщыхьур. АнэдэлъхубзэрфIыуэ пщIэнымкIэ, ар бгъэбзэрэбзэфу щытынымкIэ мы IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэм мыхьэнэуэ иIэр.
ПсынщIэрыпсалъэкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIын.
**Псалъэжьхэр** (1сыхь.) Псалъэжьхэр я закъуэ дыдэу бзэм зэрыхэмытыр, атIэ нэхъыбэм ахэр псалъэм къызэрыдэкIуэр. Ахэр къызэрыгуэкI псалъэхэм елъытауэ нэхъ шэрыуэу, гупсысэ куу ящIэлъу, зэгъэкIукIэ дахэ яIэрэ псэр яхьэхуу, гум иубыдэгъуафIэу зэрыщытыр. Псалъэжьхэм я тематикэм гъащIэм и лъэныкъуэ псори къызэрызэщIиубыдэр. Хъыбар гъэщIэгъуэн зиIэ псалъэжьхэр. А хъыбархэр IуэрыIуатэм и пкъыгъуэ щхьэхуэу зэрыщытыр.
**КIыщокъуэ А.П.** (сыхь. 2)УсакIуэм теухуа псалъэ.
**«Елбэздыкъуэ»** литературэ псысэр. IуэрыIуатэм и хабзэхэм тету поэмэм хэт зэкъуэшищыр зэрызэпэгъэувар, нэхъыщIэм зэрихьэ лIыгъэр нэхъ егъэлеяуэ зэрыщыгъэлъэпIар. Лъэпкъым и зэхэщIыкIыр, Iуэху еплъыкIэхэр, и хьэл-щэн нэхъыфIхэр Елбэздыкъуэ зэрыхэпщар.
Литературэм и теорие. Литературэ псысэкIэ зэджэр, абы и лIэужьыгъуэхэр. IуэрыIуатэми литературэми я щэнхэр абы зэрыхэплъагъуэр.
**Акъ М.У.** (сыхь. 2)
ТхакIуэм теуха псалъэ.
**«Маргъын и шабзэ»** рассказым IуэрыIуатэм щыщу хэлъ нэщэнэ нэхъыщхьэхэр. ЦIыхум и насыпыр езыр-езыру къызэрымыкIуэр, ар ерыщагъэрэ лIыгъэкIэ къэхьын зэрыхуейр тхыгъэм къызэрыхэщыр. Рассказым хэт образхэм (ДаIуэрей, Банэрей, Плъэрей, Шхэрей сымэ) егъэлеиныгъэ яхэлъыныр зэпхар, апхуэдэ лIыхъужьхэм лъэпкъ IуэрыIуатэм уазэрыщыхуэзэр. Пэжагъыр, цIыхугъэр мыхъумыщIагъэхэм текIуэныр хъыбархэм зэранэщэнэр, ар зэпхар.
**ПащIэ Б.М.** (1сыхь.)
УсакIуэм теухуа псалъэ.
ЗыIэрыгъэхьэгъуейуэ щытми, ерыщу щIэкъум и мурадыр зэрызэIэригъэхьэфыр, гугъэр адэ щIэиныфIу цIыхум къызэрыдэгъуэгурыкIуэр
«Бэлыхь зимыIэр захуагъэщ усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Усэм и гъэпсыкIэр.
Литературэм и теорие. Художественнэ литературэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр: усыгъэр, прозэр, драматургиер.
**Цагъуэ Н.А.** (1сыхь.)
**«Уэсыр сытым къыхэкIрэ?»** рассказым пкърылъ гупсысэ нэхъыщхьэр усакIуэм къызэриIуэтэж Iэмалхэр, бзэм иIэ щытыкIэрТхакIуэм теухуа псалъэ*Къыддэпсэу лъэпкъхэм я литературэ*
**Бещтокъуэ Хь. Кь.** (1сыхь.)«Уэсым и гъуэгуанэ». Усэм и купщIэм къыщыIэтар Цагъуэ Нурий и усэм егъэпщэныр, абы щыгъэпщкIуахэр къэгъуэтын.
**Мечиев К.Б.** (1сыхь.)
УсакIуэм теухуа псалъэ.
И лъэпкъым и щхьэхуитыныгъэм щIэбэну къуэм зэрихьэ лIыгъэр **«Си къуэм папщIэ»** усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Адэм и бэшэчагъыр, шыIэныгъэр тхыгъэм къызэрыхэщыр.
Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр.
**Къэшыргъэ Хь.Хь.** (сыхь. 2)
ТхакIуэм теухуа псалъэ.
**«Зы жэщ»** рассказым Хэку зауэшхуэм и зэман хьэлъэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар, зауэм и бэлыхь мыухыжхэр къызэрыгуэкI цIыхухэм я фэ зэрыдэкIыр тхыгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Анэм и образыр. Тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэр, абы и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэм и къулеягъыр
**Уэхъутэ А.Н.** (сыхь. 2)
ТхакIуэм теухуа псалъэ.
Дунейм и фIыгъуэ псори хуэсакъыу хъумэным **«Дудакъ»** рассказым дызэрыхуриджэр. ЦIыхум хэлъ гуапагъэр, гущIэгъур къуалэбзухэми зэрызыхащIэр тхыгъэм къызэрыхэщыр. Мэзанэ и образыр. Рассказым и художественнэ гъэпсыкIэр. Литературэм и теорие. Рассказ жанрыр. Прозэу тха тхыгъэм и бзэр усэм ейм къызэрыщхьэщыкIыр.
**Кулиев К.Ш.**(1сыхь.) «Анэ»

УсакIуэм теухуа псалъэ.
Анэм и быным хуиIэ лъагъуныгъэр, хуэмыпшыныжын къалэн абы зэрыхуищIэр **«Анэ»** усэм къызэрыхэщыжыр. Абы и жэуапу быныр анэм зэрыхущытын хуейуэ усэм къыщыгъэлъэгъуар. Ущииныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэуэ тхыгъэм иIэр.
**Кл. щIыб еджэныгъэ** (1сыхь.). КIыщокъуэ А.»Гъуэгуанэ къежьапIэ». , «Уигу , си анэ, сыкъэк1мэ» Усэхэм япкъырылъ купщIэр, гупсысэр..
**КIуащ Б. «Си гъусэщ» усэр.** (1сыхь.)Усэр зытеухуамрэ къиIуатэ гупсысэ нэжхъыщхьэмрэ. Тхылъ еджэным гъащIэм щиIэ мыхьэнэр.
**Журт Б.Къу.** (сыхь. 2)
ТхакIуэм теухуа псалъэ.
Хэку зауэшхуэр къэралми, цIыхухэми я дежкIэ зэхэгъэкIыныгъэшхуэу зэрыщытар **«Адэ лъапсэжь»** рассказым къызэрыхэщыр**.** ЦIыхум фIы ищIар зэрымыкIуэдыр рассказым гупсысэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар. Сабийм и адэ лъапсэжьым хуиIэ лъагъуныгъэр тхакIуэм къызэригъэлъэгъуэжыр
**Щомахуэ А.Къ.** «Зэраншу» (1сыхь.)
УсакIуэм теухуа псалъэ.
ЕджакIуэм хэлъын хуэмей хьэл-щэн мыхъумыщIэхэр къыщIэгъэщыным **«Зэраншу»** ауан усэр зэрытеухуар. Абыхэм ящыщу усакIуэм пыухыкIауэ къыхигъэщхьэхукIхэр.
Усэм и художественнэ гъэпсыкIэр.
Литературэм и теорие. Ауанымрэ гушыIэмрэ. Ахэр художественнэ литературэм къызэрыщыкIуэ щIыкIэхэр.
**Къагъырмэс Б.Хь.** (1 сыхь.)
УсакIуэм теухуа псалъэ.

Иджырей еджакIуэхэм я гъащIэр, я IуэхущIафэхэр, зэхэщIыкI-гупсысэхэр **«Псори зыщIэ Болэт»** рассказым къызэрыщыгъэлъэгъуар. ЩIэныгъэм и мыхьэнэр, абы пылъ фIыгъуэр тхыгъэм къызэрыхэщыр. Болэт и образыр.
Литературэм и теорие. Зэгъэпщэныгъэ, къэгъэпсэуныгъэ художественнэ Iэмалхэр.
**ЩоджэнцIыкIу А. I.** (1сыхь.).
УсакIуэм теухуа псалъэ.
Гъэм и дахэгъуэ лъэхъэнэр **«Май»** (мы темэм теухуа нэгъуэщI усэкIи зэпхъуэкI хъунущ) усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар, абы и нэщэнэ пыухыкIахэу усакIуэм зи гугъу ищIхэр. Гъэм и дахагъымрэ лъахэм и зыужьыныгъэмрэ тхыгъэм зэрыщызэпэджэжыр.
Усэм и гъэпсыкIэр, и бзэр.
Литературэм и теорие. Усэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр
**БакIуу М.И.** (1сыхь.)
ТхакIуэм теухуа псалъэ.
Зи адэр зауэм ираджа бынунагъуэр зыхэхуэ къулейсызыгъэр «ЩIакхъуэ» рассказым къызэрыхэщыр. Анэм и зэфIэкIыр абы зэрыщыгъэлъэпIар. Ерыскъым пщIэ хуэщIын зэрыхуейм ныбжьыщIэхэр абы зэрыхуигъасэр.
Рассказым и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэр.
**Гъэунэ Б.Хь.** (1сыхь.)
ТхакIуэм теухуа псалъэ.
Зауэм къимыкIыжа и адэм сабийм хуиIэ лъагъуныгъэм и кууагъыр **«Уэ къэкIуэж закъуэ, папэ»** рассказым къызэрыщыгъэлъэгъуар; адэ-анэм хуащIын хуей пщIэм абы щIэблэр зэрыхуигъасэр. Зауэ нэужь илъэсхэм цIыхухэм ятелъа тхьэмыщкIагъэр тхыгъэм къызэрыхэщыр.
Рассказым и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэм и ухуэкIэр.
Литературэм и теорие. Эпитетыр, абы и къэгъэсэбэпыкIэхэр.
**Гъубжокъуэ Л.М.** (сыхь. 2)
ТхакIуэм теухуа псалъэ.
Сабийхэр лэжьыгъэм щIэпIыкIыныр, ар фIыуэ ялъагъуу къэгъэтэджыныр **«Бжьэ къэпщIахэр»** рассказым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Зэныбжьэгъухэу Хьэсаншрэ Муазинрэ фIыуэ еджэнхэу бжьахъуэ лIыжь Мусэ зэрытригъэгушхуэр, абыхэм зэрадэIэпыкъур.
Рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр, хэлъ ущие дахэр.
**Тхьэгъэзит З.М. «Гуапагъэ» (1**сыхь.). ФIы щIэным и хэкуэгъухэр къызэрыхуриджэр.

**Кл. щIыб еджэныгъэ (**1сыхь.). **Шортэн А. «ЛIыгъэм и вагъуэ».** Рассказым Алий цIыкIу и лIыгъэр къызэрыщыгъэлъэгъуар.
**Гъэ псом яджар къегъэпщытэжын** (сыхь. 2).

**6 класс**

**Хэзыгъэгъуазэ (1с.)**

Художественнэ литературэр гъащ1эм щыщ 1уэхугъуэу зэрыщытыр.Щ1эблэм я зэхэщ1ык1ым, я гупсысэм зегъэузэщ1ынымк1э литературэм зэф1игъэк1 къалэнхэр.

**Адыгэ 1уэры1уатэ (с.6)**

Нарт эпосым хэзыгъэгъуазэНарт хъыбархэр. «Тхьэгъэлэджрэ Лъэпщ и къуэ Дзэхупщрэ», «Лъэпщ и 1эдэ», «Нартхэ я гъубжэ», «Сэтэней и л1эк1ар».
Тхыдэр зи лъабжьэ хъыбарыжьхэр. Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа хъыбархэр.Нарт эпоск1э зэджэр, нарт хъыбархэмрэ нарт пшыналъэхэмрэ зи1э лъэпкъхэр.Нарт хъыбархэр зытеухуамрэ абы къа1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ, абыхэм яхэлъ гъэсэныгъэ мыхьэнэр.
Тъыдэр зи лъабжьэ хъыбарыжьхэм я мыхьэнэр,лъахэр ф1ыуэ лъагъуным, лей зытехьэм къыщхьэщыжыным къызэрыхуриджэр.Жэбагъы и хъыбархэм мыхьэнэуэ и1эр.

**Щоджэнц1ык1у А.1. (с.5)**

Щоджэнц1ык1у А.1 и тхыгъэхэр. «Щ1ымахуэ жэщ» поэмэр.
«Хьэжыгъэ пут закъуэ» рассказыр Империалистхэм зэхаубла зауэм и хьэзабыр зышэч ц1ыху къызэрыгуэк1ым и гъащ1эр поэмэм къыхэрыхэщыр. Пщыл1ыгъэр траха нэжьи мэкъумэшыщ1эхэм я псэук1эк1э щхьэхуитыныгъэ зэрамыгъуэтар рассказым къызэрыхэщ

**Шортэн А.Т1. (1с.)**

«Балъкъ и деж» тхыгъэр зытеухуамрэ зытепсэлъыхь 1уэхугъуэмрэРассказым хэт л1ыхъужьхэм я хьэл-щэнхэр, я гурыгъу – гурыщ1эхэр, Тхыгъэм хэлъ гъэсэныгъэ ущииныгъэ мыхьэнэр.

**Брат Хь.М (с.4)**

«Замир» рассказымкъи1уэтэж1уэхугъуэр. Тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэр адыгэ бзылъхугъэм ип1ыжа щ1алэ ц1ык1ум ф1аща ц1эм къызэригъэлъагъуэр.зауэм къихь бэ1ут1э1уркъызэрыщыгъэлъэгъуар.

**Жаным Б.1. (1с.)**

«Щ1ы1убыирэ ужьэмрэ»басняр зытепсэлъыхьымрэ къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ Тхыгъэм щ1элъ щ1агъыбзэр къэгъэлъэгъуа зэрыхъуар. Ущиер абы и иужьрей сатырипл1ымкъызэри1уатэр.

**К1эрашэ Т.М. (с.2)**

«Гум ф1эф1к1э» очеркым къи1уэтэж 1уэхугъуэр къыщыхъуар.Фашистхэм я бийуэ партизанхэм ирагъэк1уэк1а бэнэныгъэр тхыгъэм къызэрыхэщыр.

**Абыт1э В. Къ. (1с.)**

«Л1ыгъэм и дамыгъэ» поэмэр зытепсэлъыхьымрэ абы и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Хэкузауэшхуэм и зэманым зауэм щы1ахэм къадэк1уэу лъахэм къэнахэри бэнэныгъэм зэрыхэтар тхыгъэмкъызэрыщыгъэлъэгъуар.

**Щомахуэ А.Къ. (1с.)**

«Зэкъуэшит1» тхыгъэр зытеухуамрэ зытепсэлъыхь 1уэхугъуэмрэ.Къэралбийрэ Чапайрэ зэныбжьэгъу зэрызэхуэхъуа щ1ык1эр.. Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэр рассказым къызэрыхэщыр.

**Шортэн А.Т1. (1с.)**

«Балъкъ и деж» тхыгъэр зытеухуамрэ зытепсэлъыхь 1уэхугъуэмрэРассказым хэт л1ыхъужьхэм я хьэл-щэнхэр, я гурыгъу – гурыщ1эхэр, Тхыгъэм хэлъ гъэсэныгъэ ущииныгъэ мыхьэнэр.

**К1ыщокъуэ А.П. (2).**

«Поэзие», «Си хъуэхъу», «Гъуэгу къежьап1э», «Пасэрей хабзэ». усэхэр зытеухуар. Усэхэм ц1ыхугъэр, адыгэ хабзэр, бзэр, адэ щ1ыналъэр абы и ц1ыху гуащ1аф1эхэр къызэрыхэщыр.

**К1уащ Б.И. (1с.)**

Усак1уэм теухуа псалъэ. «Гуащ1эдэк1», «Силъахэ», «Сэ сф1эф1щ», усэхэм

къа1уатэ1уэхугъуэр. Усэхэр мамыр лэжьыгъэм, ц1ыхугъэм, зэныбжьэгъуныгъэм, мамырыгъэм, Хэкум щек1уэк1 зэхъуэк1ыныгъэхэм ятеухуауэзэрыщытыр.

**Дыгъужь Къу. (с.2)**

Ц1ыхухэм я зэхущытык1эмрэ дунейм и къэхъукъащ1эхэмрэ «Мырсыт» тхыгъэмкъызэрыщыгъэлъэгъуар. Унагъуэ псэущхтэхэр ц1ыхум сэбэп къызэрыхуэхъур, ахэр тэмэму зехьэн, гущ1эгъу яхуэщ1ын зэрыхуейр рассказымкъызэрыщыгъэлъэгъуар.

**Гъубжокъуэ Л.М. (1с.**

«Къуршхэр плъырщ» усэр зытеухуамрэ къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ.Усэм лъахэм и теплъэр гу хуабагъэ ц1ыхугъэ инрэ хэлъу къызэрыщыгъэлъэгъуар.

**Жылэтеж С. (с.2)**

«К1ыгуугу лъэпкъым я к1уэдыжык1ар» рассказыр зытеухуамрэ къи1уатэ гупсысэнэхъыщхьэмрэ. Ахэр лъэпкъым и нэщэнэ, ф1ыгъуэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, ар хъумэн зэрыхуейр тхыгъэмкъызэрыщыгъэлъэгъуар.Ц1ыхухэм яку дэлъын хуей зэхущытык1эр щ1агъыбзэк1э хъыбарым къызэри1уатэр.

**Сонэ А.Къ. (1с.)**

«Шагъдий» усэм гъэнщ1ауэ адыгэшыр къызэрыщыгъэлъэгъуар.Адыгэм шым пищ1 зэрыщымы1эр, ижь-ижьыж лъандэрэ «лъэпкъым и гуауи …и гуапи» дигуэшу къыдэгъуэгурык1уэ псэущхьэр усак1уэм зэригъэлъап1эр, зэри1этыр. «Адыгэл1рэ адыгэшрэ» жезыгъэ1а ди нэхъыжьхэм я эф1эк1ыу, хьэл-щэну къыхэщыжыр.

**Абыт1э Хь.Я. (1с.)**

«Жэщым и 1эф1ыгъуэщ» усэр зытеухуамрэ къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ.

«Бгы абрагъуэмрэ джэдык1э ц1ык1умрэ» усэр зытеухуамрэ къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ.Усэм удзым, жыгхэм, псынэм, пшэ 1эрамэм псэ я1уту къызэрыщыгъэлъэгъуа щ1ык1эр.Гъащ1эр зэрыуахътыншэр, дахэу дунейм тетым нэхъ насыпыф1э зрыщымы1эр усэм къызэригъэлъэгъуар.

**1ут1ыж Б.Къу. (1с.)**

«Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ» рассказыр зытеухуамрэ къи1уатэ гупсысэнэхъыщхьэмрэ. Зауэ нэужь илъэсхэм ди ц1ыхухэм я псэук1эр гугъуами, ц1ыхугъэр, хабзэ-нэмысыр ягъэнэхъапэу зэрыщытар тхыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

**Къуиикъуэ Н.Ю.**

«Жыгыр пызыупщ1хэм» усэр зытеухуамрэ къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ.Ц1ыхумрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ быдэу зэрызэпыщ1ар, щ1ыуэпсыр хъумэныр ц1ыхум и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.къэк1ыгъэхэм, псом хуэмыдэупхъэщхьэмыщхьэ къызыпык1э жыгхэм ц1ыху гъащ1эм ща1э мыхьэнэр усак1уэм зэригъэбелджылыщ1ык1эр.

**Кл. щ1ыб. еджэныгъэ (1с.**

**Гъэ псом яджар къегъэпщытэжын**

**7 класс**

**Хэзыгъэгъуазэ (1)**

Художественнэ литературэм гъащ1эм и къэхъукъащ1эхэр гъуазджэмрэ эстетикэмрэ я хабзэхэм тету образхэмк1э къызэригъэлъэгъуэжыр. Ц1ыхухэм я дуней тетык1эр, я гурыгъу-гурыщ1эхэр, 1уэхущ1афэхэр художественнэу къэгъэлъэгъуэным и1э мыхьэнэр.Литературэр гъуазджэм и зы л1эужьыгъуэу зэрыщытыр, ц1ыхухэм я гъащ1эм абы щиубыд увып1эр.

**Адыгэ 1уэры1уатэ (5+2)**

Хэзыгъэгъуазэ. Нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ я зэхэтык1эр. «Сосрыкъуэрэ Т1от1рэшрэ я пшыналъэр» л1ыгъэрэ хахуагъэк1э зэрыгъэнщ1ар.

**«Ашэмэз и пшыналъэ» (1).**

Ашэмэз и образыр нарт эпосым къызэрыхэщыр, абы ехьэл1ауэ къак1уэ сюжетхэр. Пшыналъэм и зэхэлъык1эр; а л1ыхъужьыр нартхэм ф1ыуэ щ1амылъагъум и щхьэусыгъуэр. Ашэмэз и образым нобэ ди зэманым къемызэгъыжу хэтлъагъуэхэр, апхуэдэу сыт хуэдэ лъэхъэнэми жьы дэмыхъуну хэлъхэр. Пшыналъэм дунейпсо 1уэры1уатэмрэ мифологиемрэ ящыщу къыщык1уэр: л1ыхъужьыр дунейм къытемыхьэ щ1ык1э, абы щышынэу,

зыгъэк1уэдынухэр зэрыщы1эр; лъы игъэжэныр, лъы уасэр.

**«Нарт Бэдынокъуэ чынтым зэрезэуар» (1)**

Нартхэм я хабзэхэр, Бэдынокъуэ бгъэдэлъ л1ыгъэр. Мы хъыбарымк1э адыгэ эпосым и къуэпсыр зэрыкуур, зэрылъэщыр, нартхэр бийм ерыщу зэрыпэщ1этыфар на1уэ тщохъу.

**Тхыдэр зи лъабжьэ эпос (1)**

Лъэпкъ уэрэдыжьхэм я гъэпсык1эр. Гъыбзэхэмрэ уэрэдхэмрэ«Щолэхъупщиуэрэд»Уэрэдырзытеухуар. Л1ыгъэмрэепц1ыжыныгъэмрэ абы къызэрыщыгъэлъэгъуа ш1ык1эр. «Шэджэмокъуэ Хьэсанш и уэрэд»Уэрэдым ехьэл1а хъыбарым къызэрыхэщымкЬ1э, ар зытеухуар. Персонажу уэрэдым хэтхэр: Хьэсанш, абы и къэшэныр, фызышэхэр. Щ1алэм и ф1ылъагъуныгъэм и къабзагъымрэ абы къылъыкъуэк1а л1ыгъэмрэ уэрэдым зэрыщыгъэлъэп1ар. «Жансэхъухэ я нысэм и гъыбзэ»Жансэхъухэ я к1уэдыжык1э хъуауэ хъыбарым къыхэщыжыр. Зы къэхъугъэм къытек1а уэрэдым жылагъуэ гукъеуэхэр къызэщ1икъуэу къэ1уэта зэрыхъуар. Пщы зэныкъуэкъум и ц1ыхубэм къыхуихьу щыта мыгъуагъэхэр мы уэрэдым къызэрыхэщыр.

Хъуэхъухэр**.** Адыгэ 1уэры1уатэм хъуэхъухэр зы 1ыхьэф1у зэрыхэтыр, ахэр гъащ1эм къызэрыщык1уэ хабзэр.Хъуэхъухэр сыт щыгъуи 1уэхугъуэ гуэрым (нэхъыбэм дауэдапщэхэм) епхауэ зэрыщытыр.

**Входной къызэрапщытэ тест лэжьыгъэ-1**

**Адыгэ литературэ (22+2)**

**Щоджэнц1ык1у 1.У. (1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ. «Дыгъэр итщ уафэгум» усэмк1э гъащ1эм и хэк1ып1эу щыт дыгъэм и нэхумрэ и хуабэмрэ к1э зэримы1эр, абы и мыхьэнэр усак1уэм къызэригъэлъагъуэр. Дунейм и къэхъукъащ1эр зыгъэ1урыщ1э ц1ыху гуащ1аф1эхэм дыгъэ бзийхэр берычэту зэратепсэр усэм пкърылъ гупсысэ нэхъыщхьэм зэрепхар.Зэгъэпщэныгъэ 1эмалыр усэм къызэрыщыгъэсэбэпар. «Гъащ1эм и хуабэ» усэр шахтерхэм я лэжьыгъэ мытыншым теухуауэ зэрыщытыр. Дунейм и щытык1эмрэ лэжьак1уэхэм я гуащ1эдэк1ымрэ усэм зэгъэпщауэ къызэрыщык1уэр. Ц1ыхухэм я зэф1эк1ыр, лэжьэк1эр Бгъэшхуэмрэ Дыгъэмрэ къазэрыщыхъур, абыхэм я къарур, дыгъэр зэрыиныр усэм къызэрыхэщыр.

**Бемырзэ М.Хь. (1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ. «Уадыгэным къик1ыр» усэр лъэпкъым и къэк1уэнум тегузэвыхьу гъэпса зэрыхъуар. Адыгэр и тхыдэ дахэм хуэфащэу псэун щхьэк1э, и щ1ыхь, и напэ ихъумэжыфу, ди япэ ита нэхъыжьыф1хэм яхуэпэжу дунейм тетын зэрыхуейм усак1уэм къызэрыхуриджэр. Лъэпкъ зэхэгъэжыным усак1уэр зэреплъыр. «Лъэ1у» усэр адыгэ л1акъуэхэм теухуауэ зэрыщытыр. Адыгэ лъэпкъыр 1эпкълъэпкъ пщык1ут1у, зы анэм и зэш быну зэрыщытыр усак1уэм къыдигъэщ1эну зэрыпылъыр. Адыгэхэр дуней псом зэрыщикъухьам усак1уэр зэрыригузавэр.Адыгэхэм я къуэпсхэр мыжын, я вагъуэхэр имыжын папщ1э дызэкъуэтыну, зытхъумэжыну, дызэхуэсакъыжыну усэм дыкъызэрыхуриджэр. Лъэпкъымрэ ар здыщыпсэу и лъахэмрэ зэхуэфащэу щытмэ, ар насыпышхуэу уса1уэм къызэрилъытэр.

**Анзор М.Хь. (1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ. «Атэлыкъым и лъэужьыр» (повестым щыщ пычыгъуэ) тхыгъэм лъэпкъ хабзэхар тегъэш1ап1э зэрыхуэхъуар. Мысострэ Исмелрэ я образхэр. Выныр игъэсэну зрат атэлыкъым адыгэхэр хуэпэжу зэрыщытам ехьэл1а гупсысэр повестым къызэрыхэщыжыр.Повестым жы1эгъуэхэм, зэгъэпщэныгъэхэм, псалъэжьхэм шагъэзащ1э къалэнхэр, ахэр купщ1э инрэ гупсысэ лъагэк1эрэ зэрыгъэнщ1ар. Адыгэ хабзэм и мыхьэнэм ехьэл1а гупсысэр тхак1уэм къызэригъэлъэгъуэж 1эмалхэр

**Мыжей М.И. (1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ. «Пщэху» новеллэр зытеухуар. Абы къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэр. Дыгъужьхэм яхуэзэху Хьэтурэ Пщэхурэ я зэхущытык1ар. Хьэту и адэм и уэсятыр къызэрыщыхъуар. Хьэм и 1ущагъымрэ и пэжагъымрэ новеллэм къызэрыщыгъэлъэгъуар, Хьэту абы къызэрыхущ1эк1ар.

**Нало З.М. (2+1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ.«Ц1ыху напэ» балладэр тхыдэмрэ 1уэры1уатэмрэ къыхэщ сюжету зэрыщытыр. Напэмрэ ц1ыхугъэмрэ нэхъ лъэщ зэрыщымы1эр усак1уэм 1эзагъ хэлъу

къызэригъэлъэгъуэжар.Балладэр зытеухуамрэ абы и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ къызэ1уихын папщ1э, усак1уэм къигъэсэбэпа художественнэ 1эмалхэмрэ хэк1ып1эхэмрэ.Балладэм и бзэр. Литературэм и теорие. Балладэ, ар сюжет зи1э усэм зэрещхьымрэ къызэрыщхьэщык1ымрэ.

**К1ыщокъуэ А.П. (1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ. «Усэ къарук1э бийр бгъэсу» усэр усак1уэшхуэ Щоджэнц1ык1у Алий теухуауэ зэрыщытыр. Лъэпкъым, лъахэм Щоджэнц1ык1у Алий хуи1э лъагъуныгъэр 1эзагъ хэлъу усэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Усак1уэм къигъэсэбэпа художественнэ 1эмалхэр. Усэм и бзэр къыхэзыгъэщхьэхук1ыу хэлъыр.«Сабий» усэр К1ыщокъуэ А.П. щитха зэманымрэ ар зытеухуамрэ. Зауэл1 л1ыхъужьым бийм хуи1э лъагъумыхъуныгъэмрэ сабийм хуи1э щытык1эмрэ усэм къэгъэлъэгъуа зэрыщыхъуар. Зауэм къихь гуауэр усак1уэм зэрызэхищ1эр тхыгъэм къызэрыхэщыжыр.

**Хъупсырокъуэ Хъ.Хь. (1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ.«Имыхабзэу щыуащ» рассказым и л1ыхъужь нэхъыщхьэ Биданокъуэ Жэмзар Хэку зауэшхуэм и зэманым и нэгу щ1эк1ахэр. Жэмзар и щыуагъэр. Граждан зауэм абы игъуса Къэралбий, иджы къуажэм къыдыхьа фашистхэм ядэщ1ыгъуу къэк1уэжам, зэрыхуэзэжыр. Жэмзаррэ Къэралбийрэ я гъащ1э гъуэгухэр зэрызэтемыхуэжынур тхыгъэм къызэрыхэщыр.Рассказым и ек1уэк1ык1эм къегъэщ1ыл1а нэгъуэщ1 1уэху жьыгъейхэм ягъэзащ1э къалэнхэр. Художественнэ 1эмалхэр тхыгъэм къызэрыщыгъэсэбэпар.Литературэм и теорие. Тхыгъэм и композицэмрэ и сюжетымрэ.

**Елгъэр К.М. (1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ.«Псы къиуа» рассказыр зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм ятеухуауэ зэрыщытыр. Партэр шыдыгук1э зэзыхъуэк1ауэ анэм дэ1эпыкъу щ1алэ ц1ык1у Шариф тхыгъэм къызэрыхэщыжыр. Шариф и ныбжь емылъытауэ балигъ гупсысэк1э и1э зэрыхъуар.Гъунэгъу дадэ Исхьэкъ и образыр. Шарифрэ Сэлимрэ мэзым пхъашэ зэрык1уар. Дунейм и къэхъукъащ1э шынагъуэмрэ ц1ык1ухэр
зэрыгузавэмрэ тхыгъэм къэгъэлъэгъуэжа зэрыщыхъуар. И бынхэм ятегужьеик1а анэр псы къиуам къизыгъэк1 гузэвэгъуэр тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэм зэрехьэл1ар. Тхыгъэм и гъэпсык1эр, и бзэр.

**Уэрэзей А.П. (1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ.«Адэжь лъахэ» усэр ц1ыхур щалъхуа щ1ыналъэм хуи1э ф1ылъагъуныгъэм теухуауэ зэрыщытыр. Ди нэхъыжьыф1хэм щ1эину къытхуагъэна адэжь губгъуэр, псыхъуэр, лъахэр тхъумэн, абы и щ1ыхьыр дымыгъэпудын зэрыхуейм усак1уэм дыкъызэрыхуриджэр.«Пщэдджыжь» усэм щ1элъ философие гупсысэ куур. Ц1ыхум махуэ къэс илъагъу, зэхих гъащ1э къэхъугъуэхэм мардэ зэрамы1эр усэм къызэрыхэщыжыр.

Ц1ыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ зэхуэфащэу, щ1эщыгъуэу къызэрызэдек1уэк1ын хуейм усак1уэм къызэрыхуриджэр.

**Брат Хь.М. (1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ. «Лъэпкъым и къуэпсхэр» повестым щыщ пычыгъуэм Мадинэ ц1ык1у анэнэп1эсым и гущ1ы1агъэр зэрызыхищ1эр къызэрыщыгъэлъэгъуар. Ахъмэтыкъуэ Жамбот и унагъуэм Хэку зауэшхуэм къридза удыныр. Ахъмэтыкъуэхэ нысэ яхуэхъуа Мадинэ зыхэс лъэпкъым и къуэпсыр химыгъэк1уэдэжын щхьэк1э, Ленинград къраша сабийр къуэ зэрищ1ыр. Тхыгъэм лъэпкъым и къуэпсыр, хабзэр, гъэсэныгъэр унагъуэм и1эн хуей хугъуэф1ыгъуэ нэхъ ин дыдэу къызэригъэлъэгъуэр, гупсысэ нэхъыщхьэр абы зэрепхар.

**Шэджыхьэщ1э Хь. Т1. (1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ. «Къуэрылъху» рассказым адэ-анэм и пащхьэ быным щахь жэуаптыныгъэр къызэрыщыгъэлъэгъуар. Сыт хуэдэ гугъуехьми къимыгъэхыщ1эу, зи гумрэ зи псэмрэ быным езыта анэм абыхэм я деж щигъуэтыжа гущ1эгъумрэ пщ1эмрэ тхак1уэр зэрытетхыхь щ1ык1эр. Адэ-анэм я пащхьэм щихь къалэныр зымыгъэзащ1эм езым пщ1э зэрыхуэмыфащэр рассказым щ1элъ гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.Рассказым и ухуэк1эмрэ и бзэмрэ.

**Мыкъуэжь А.Хь. (1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ. «Псалъэ жагъуэ» усэм анэм гумащэу дыхущытыну дыкъызэрыхуриджэр. Быныр анэм щепсалъэм щыгъуэ, емыгупсысу псалъэ гуауэ къыжьэдэк1ам зэрыхущ1егъуэжар усэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар.Анэм и нэпс зэи псалъэ жагъуэм къыщ1имыгъэк1ын папщ1э, ди дуней тетык1эм, хьэл-щэным, псэлъэк1эм

дык1элъыплъыжын зэрыхуейр усэм къызэрыхэщыжыр.Псалъэ жагъуэр «тэмакъым тена къупщхьэу» усак1уэм къызэригъэлъагъуэр тхыгъэм щ1элъ гупсысэ нэхъыщхьэу зэрыщыт.

**Джэдгъэф Б.М. (1)**

Тхак1эм теухуа псалъэ. «Къандыгъэ и бжьыхьит1» рассказыр. Рассказым щ1элъ гупсысэ нэхъыщхьэр, зытеухуар. Анэм и гугъуехьыр бын пэжхэм зэрамыгъэк1уэдыр. Тхыгъэм и1э гъэсэныгъэ мыхьэнэр.

**Къэжэр Хь.Хь. (1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ. Ц1ыхухэм я жьэм сыт щыгъуи нэхъыбэр псалъэ гуапэ, дахэ, къабзэ къыжьэдэк1ын зэрыхуейм «Псалъэ зеиншэхэр» балладэм дыкъызырыхуриджэр. Псэлъэн ипэ къиухуэу, жи1эм кууэ дэтхэнэри егупсысын зэрыхуейр балладэм лъабжьэ зэрыхуэхъур. Ц1ыхум и гъащ1эм «Дахэ», «Щ1асэ», «Гуак1уэ» псалъэхэм щагъэзащ1э къалэнымрэ я1э мыхьэнэмрэ. Зи жагъуэ ящ1а псалъэ гуапэхэм загъэгусэу ахэр къалэм зэрыдэк1ар усак1уэм къызэригъэлъагъуэр.Псалъэ гуапэхэр ди гъащ1эм хэк1уэдык1мэ, ди псэук1эр зэреф1эк1уэнум усак1уэм дызэрыригъэгупсысыр, езы усак1уэр абы зэрытегузэвыхьыр.

**Мэзыхьэ Б.Б. (1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ. «Дыгъэр зэрыунк1ыф1ар» новеллэр зауэ нэужь зэман шэджэладжэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм теухуауэ зэрыщытыр. Щ1алэ ц1ык1ум и унагъуэмрэ и благъэ-1ыхьлыхэмрэ я 1уэху зы1утыр новеллэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Дин 1уэхум тхак1уэр зэреплъыр Юрэ и гупсысэхэмк1э къызэри1уатэр. Хьэблэ л1ыжь Т1ат1ым сабийр зэрыщыгугъамрэ ар къызэрыхущ1эк1ыжамрэ.

**Къумыкъу М.Хь. (1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ. «Сабийхэр щым щыхъум» рассказым къи1уэтэж 1уэхугъуэр къыщыхъуа ззманымрэ щ1ып1эмрэ. Мылъкур напэм и япэ щища жылагъуэм и псэук1эр, хэхэс адыгэхэм я нэгу щ1эк1 гугъуехьхэр сабийхэми зэрызыхащ1эр рассказым лъабжьз зэрыхуэхъуар.Зы классым щызэдеджэхэм - хуэщ1а унагъуэм къыхэк1а Лейлэрэ абы къыбгъэдэс хъыджэбз фагъуэ ц1ык1ум - я образхэмк1э захуагъэ здэщымы1э жылагъуэм и зэхэтык1эр тхак1уэм къызэригъэлъагъуэр. Егъэджак1уэмрэ абы иригъаджэхзмрэ я зэхущытык1эхэр рассказым къызэрыхэщыр. Рассказым и ухуэк1эмрэ и бзэмрэ.

**Къэрмокъуэ М. М.(1)**

Тхак1уэм теухуа псалъэ. «Щ1акхъуэ 1ыхьэ» тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуэжа ззманымрэ 1уэхугъуэмрэ. Ц1ыхум шхыным, гъавэм пш1э хуищ1ын зэрыхуейм рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр епхауэ зэрыщытыр. Зауэ заманым зи сабиигъуэр хиубыдауэ щытахэмрэ иджырей щ1эблэмрэ ерыскъым пщ1э хуащ1ыр зэхуэмыдэ зэрыхъуар хьэблэ л1ыжь Жамбот и нэк1э дызэригъэлъагъур.Шхыным, гъавэм нэмыщ1и Жамбот зыгъэгузавэ нэгъуэщ1 1уэхугъуэхэри рассказым къызэрыхэщыжыр. Къуажэдэсхэм дэ1эпыкъуну къаша щ1алэгъуалэм я дуней тетык1эр тхыгъэм щек1уэк1 1уэхугъуэхэм ехьэл1а зэрыхъур.Тхак1уэм и тхыгъэм щ1агъыбзэр кьызэрыщигъэсэбэпар. Ар рассказым е очеркым къызэрыщхьэщык1ыр.

**Хьэх С.Хь. (2+1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ. «Къурш псынэ» усэм псынэм и къарум, и лъэк1ыныгъэм, гъащ1эм щи1э мыхьэнэм дызэрыригъэгупсысыр. Усэм щ1элъ щ1агъыбзэр, философие гупсысэр.Щ1ыуэ псым и къэхъугъэ дэтхэнэми къалэн хэха и1эу зэрыщытыр усэм къызэрыхэщыжыр. Къурш псынэм и гугъу ищ1к1эрэ, ц1ыхухэм ягухэр зэрыкъабзэр къызэри1уатэр.

**Тхьэгъэзит З.М. (1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ.«Щ1ыр мэлажьэ» усэм ц1ыхухэмрэ ар зытепсэук1 щ1ылъэмрэ зэхуэдэу здагъэзащ1э гъащ1э къалэнхэм теухуауэ зэрыщытыр. Гъатхэ губгъуэм и теплъэр, гъатхэр къэк1уэну гъавэм щ1эдзап1э зэрыхуэхъур усэм къызэрыхэщыжыр. Щ1ым хащ1а жылэр гъэбэтауэ ц1ыху жумартхэм къазэритыжыр усэм и гупсысэ нэхъыщхьэу къызэрыувыр. Бзухэм япэ тэджу губгъуэм ихьэ лэжьак1уэжьым и теплъэр усэм къызэрыхэщыжыр.Адыгэ пшынэр лирикэ л1ыхъужьым и псэм зэрыхэлъыр, абы и макъыр зэхимыхыжмэ, лъэпкъыр к1уэдыну зэрыф1эщ1ыр «Адыгэ пшынэ» усэм къызэрыхэщыжыр. Лъэпкъым и гъащ1эм адыгэ пшынэм, къафэм щиубыд увып1эр, ар усак1уэм зрилъыт, зригъэщхь 1уэхугъуэхэр. Пшынэ макъамэм и 1ук1эр щ1ылъэми уафэми яку зэи дэмык1ыну усак1уэр зэрыхуейр.

**Машбащ1э И.Ш. , Бицу А.М. (1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ. «НАСЫП» усэр зытеухуар, абы дыкъызыхуриджэр. Усэр зытхам

зыхуигъэувыжа а упщ1эм и жэуапыр зэпкърыха зэрыхъуар. Ц1ыхум имызакъуэу, дыкъэзухъуреихь дунейми зызыхъуэж и теплъэхэмк1э насыпым и плъыфэр усак1уэм къызэригъэлъагъуэр.Усэм щ1элъ ущиемрэ абы и мыхьэнэмрэ. «Адыгэ цей» усэм къыщы1этa гупсысэ нэхъыщхьэр. Фащэр адыгэ гъащ1эм и нэщэнэу зэрыщытыр. Лъэпкъым и тхыдэр цейм и образымк1э къэгъэлъэгъуэжа зэрыхъуар. Адыгэ цейр кавказ лъэпкъ псоми фащэ зэрахуэхъуам усак1уэр зэрыригушхуэр. Усэм и гъэпсык1эм и1э щхьэхуэныгъэр. Усэм и япэ, ет1уанэ едзыгъуэхэм къызэрытригъэзэжыр, а 1эмалымк1э усак1уэм и мурадыр..

**Къытегъэзэжыныгъэ –(1)**

## 7 класс

**Хэзыгъэгъуазэ. Адыгэ литературэмрэ тхыдэмрэ (1)**

Гъащ1эр зыхозыгъащ1э, ц1ыхум и гупсысэм къыщигъэщ1 художественнэ дунейр къызэгуэзых, емрэ ф1ымрэ зэпэзылъыт, дахагъэм псэр дезыгъэхьэх, хъуэпсап1э лъагэхэм щ1эблэр хуэзыгъэуш 1эмалхэм ящыщ зыуэ литературэр зэрыщытыр. Ныбжьыщ1эм и гупсысысэр узэщ1ыныр, и гъащ1э гъуэгуанэр гъэбелджылыныр мурад нэхъыщхьэу литературэм зэри1эр. Литературэмрэ гъуазджэм и адрей л1эужьыгъуэхэмрэ. Художественнэ литературэмрэ щ1энытъэ литературэмрэ: абыхэм зэщхьу яхэлъхэмрэ зэщхьэщызыгъэк1 нэщэнэхэмрэ.

Тхыдэ гъуэгуанэ к1ыхьым дунейпсо ц1ыхубэм зэригъэпэща и лъап1эныгъэ нэхъыщхьэхэм, адыгэхэм къыдек1уэк1 хабзэ нэхъыф1хэм щ1эблэр щ1эпык1ынымк1э, абы гъэсэныгъэ тэмэм егъэгъуэтынымк1элитературэм игъэзащ1э къалэнхэр.

Лъэпкъ литературэм къи1эт темэхэмрэ зэпкърих 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ (ц1ыхур гъэлъэп1эныр, абы и щхьэхуитыныгъэмрэ и хуитыныгъэхэмрэ къащхьэщыжыныр; къэк1уэнум ц1ыхубэр щ1эгъэхъуэпсыныр; тхыдэр къэзыгъэщ1 къарухэм ялъысыпхъэ пщ1эр художественнэ псалъэк1э етыныр; щэнхабзэм зиужьыным, и ц1ыхум и зэхэщ1ык1ым зиузэщ1ыным зэран хуэхъу къарухэм, 1уэху еплъык1э зэхуэмыдэхэр щы1эныр зымыдэ политикэ, нэгъуэщ1 тепщэныгъэ залымыгъэхэм ебэныныр).

Адыгэ литературэр къызэрежьар, абы зэрызиужьар. и къуэпсхэм зыщадэ лъахэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ. Лъэпкъ литературэм и ехъул1эныгъэхэмрэ къыпэщыт къалэнхэмрэ.

**1уэры1уатэ (4)**

1уэры1уатэк1э зэджэр, 1уэры1уатэмрэ тхыгъэ литературэмрэ зэрызэхущытыр. Еджагъэшхуэхэм адыгэ 1уэры1уатэм папщ1э жа1ахэр. Тхыгъэрэ литературэрэ зимы1а адыгэ лъэпкъым и гупсысэ нэхъыф1хэр, и гугъап1эхэр,и 1ущагъыр, и псэук1эр къызэри1уатэу щыта 1уэры1уатэм икъук1э мыхьэнэшхуэ зэри1эр.

**Сосрыкъуэ теухуа хъыбархэр (1)**

«Сосрыкъуэ нарт хасэм япэу зэрык1уар» хъыбарыр зытепсэлъыхьыр. Социальнэ зэхуэмыдэныгъэр мы хъыбарым къызэрыхэщыжыр. «Сосрыкъуэ маф1э къызэрихьар» хъыбарыр зытепсэлъыхьыр. Сосрыкъуэ и образыр. Хъыбархэм я бзэм узыщрихьэл1э жьы хъуа псалъэхэр. (Архаизмхэр).

**Бэдынокъуэ теухуа хъыбархэр (2)**

«Бэдынокъуэ и адэр ук1ып1эм къызэрыришыжар» хъыбарыр зытеухуар. Хъыбарым къыхэщ идейно-нравственнэ къарур. «Бэдынокъуэ нартхэм къахилъхьа хабзэф1ыр» хъыбарыр зытеухуар. Хъыбарым и идейно-нравственнэ къарур.

**Адыгэ уэрэдыжьхэр (1)**

«Хьэтхым и къуэ Мыхьэмэт и уэрэдыр» къыщ1ежьауэ 1уэры1уатэм къи1уатэр. Хъыбарым хэт персонаж нэхъыщхьэхэр, зым и зэхэмыщ1ык1ыныгъэм адрейм и гьащ1эр зэрикъутэр, ик1и пэжыр уэрэдк1э къызэрынахуэр. Мыхьэмэт и щхьэгъусэм псалъэ къызэрыгуэк1к1э зиухеижыфыну зэрыщымытар, уэрэдк1э и пэжыгъэр на1уэ къызэрищ1ар.

Уэрэдым и гъэпсык1эр. Усэбзэм къыщыгъэсэбэпа зыгъэнахуэ псалъэхэр, ахэр зыхуэгъэзам елъытауэ мыхьэнэк1э зэрызэщхьэщык1ыр (езы Мыхьэмэт и анэм, и шыпхъум, и щхьэгъусэм яхуэгъэзахэр).«Лабэдэсхэм я гъыбзэр» зытеухуа зэманымрэ къэхъугъэмрэ. Кавказ зауэм и ек1уэк1ык1амрэ ц1ыху къызэрыгуэк1хэм абы къахуихьа мыгъуагъэхэмрэ; ар зи лажьэр Урысейм и пащтыхьымрэ къэрал 1уэхур зи пщэ къыдэхуахэм я 1уэху зехьэк1эр арауэ зэрыщытыр. Урыс сэлэт куэд дзэм хэк1уэсык1рэ бгырысхэм яхэт1ысхьэжу зэрыщытар. Къуажэр зэрагъэсар, лабэдэсхэр зэрызэтраук1ар уэрэдым гъыбзэу къызэрыщы1уэтэжар. Ди

зэманым тхыдэм щыщ апхуэдэ кьэхъугъэхэм дазэрыхущытын хуейр.

**Классым щ1эмысу зэджамк1э урок. (1)**

**Иджырей адыгэ литературэ (22+3)**

**Щоджэнц1ык1у Алий (1)**

Щоджэнц1ык1у Алий и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа очерк. «Нанэ»» усэр.Щоджэнц1ык1у А.1. щитха лъэхъэнэмрэ щ1ып1эмрэ. Лирикэ л1ыхъужьым и гурыщ1эр, и гупсысэр, и гукъыдэжыр усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Усак1уэ ныбжьыщ1эм и хьэл-щэныр, ф1эщхъуныгъэ быдэр, къызэрыгуэк1 лэжьак1уэхэм яхуи1а гумащ1агьэмрэ гуапагъэмрэ усэм къызэрыхэщыр.И хэкумрэ и анэмрэ яхуи1э ф1ылъагъупыгъэ иныр усак1уэм къызэри1уатэ щ1ык1эр. Параллелизмэм теухуа гуры1уэныгъэ.

**Къылышбий Исмэхьил Б. (1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ.«1уэдыщэ» усэр адыгэ тхыбзэ литературэм и япэ художественнэ тхыгъэхэм зэращыщыр, лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэр абы лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Лъэпкъым и блэк1а дахэр усак1уэм зэригъэльап1эр, езым и лъэхъэнэм ар къызыхэхута щытык1э гугъур игу къызэреуэр.Л1эщ1ыгъуэ ныбжь и1эми, усэм щ1элъ гупсысэм и мыхьэнэр ноби зэрымык1уэдар. Пасэ зэманым апхуэдиз лъагагърэ лъап1агъурэ зи1а адыгэм зыкъи1этыжу, нэхъ зызыужьауэ дунейм тет лъэпкъхэм я сатырым хэту псэууэ илъагъуну усак1уэр зэрыщ1хъуэпсыр. Усэм я символикэр 1эзэу къызэрыщыгъэсэбэпар, и бзэр.

Литерурэм и теорие. (Антитеза. Эпиграф. Символхэр (нагъыщэхэр)

**К1ыщокъуэ Алим П. (5)**

К1ыщокъуэ Алими гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа очерк.

«Мэжджыт» тхыгъэр зытеухуамрэ абы и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм и ухуэк1эмрэ зэрытха бзэмрэ.К1ыщокъуэ Алим «Хъыбар дахэ зыхуэфащэ» тхыгъэр зытеухуамрэ абы и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм и ухуэк1эмрэ зэрытха бзэмрэ. тхыгъэр зытеухуамрэ абы и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм и ухуэк1эмрэ зэрытха бзэмрэ.К1ыщокъуэ Алим«Бабыщыкъуэ адакъэпщ» тхыгъэр зытеухуамрэ абы и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм и ухуэк1эмрэ зэрытха бзэмрэ.

**Хьэкъун Исуф Хь. (3)**

Хьэкъун Исуф и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа очерк.«Бзылъхугъэ шу щэху» повестым къи1уэтэжыр зытеухуа лъэхъэнэр. Повестыр зытеухуамрэ абы къыщы1эта гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Ар зэрытха бзэм и1э щытык1э нэхъыщхьэр.

**К1уащ Бет1ал И. (1)**

К1уащ Бет1ал и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа очерк. К1уащ Бет1ал и усыгъэхэм теухуа обзор. Усэхэр къуэшыгъэм, лэжьыгъэм теухуауэ зэрыщытыр, абыхэм къа1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ, ахэр зэрытха бзэм къыхэзыгъэщхьэхук1ыу хэлъыр.

**Дыгъужь Къурмэн Б.(3)**

«Бжьыхьэ псыдзэ» тхыгъэм и содержанэр, гупсысэ нэхъыщхьэр къэ1уэтэн.

**Акъсырэ Залымхъан А.(4)**

«Дахэнагъуэ» пьесэр лъэпкъ драматургием и нэхъыф1хэм щыщ зыуэ зэрыщытыр. Адыгэ 1уэры1уатэм пьесэр зэрепхар. Пьесэм и гупсысэ нэхъыщхьэр на1уэ щ1ынымк1э 1уэры1уатэмрэ адыгэ мифологиемрэ 1эзэу къызэригъэсэбзпар. И щхьэ закъуэ насыпым щ1эбэным и мурадыр къызэремыхъул1эр, зы ц1ыхум и насыпымрэ ц1ыхубэм я насыпымрэ зэгуэпх зэрымыхъунур, ц1ыхур щхьэхуит хъун папщ1э, ц1ыхубэри щхьэхуит хъун зэрыхуейр пьесэм гупсысэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъур. Джэримэс, Дахэнагъуэ, Чэзибан сымэ я образхэр.Пьесэм и художественнэ гьэпсык1эр, ар зэрытха бзэр. Литературэм и теорие. Драмэ лэжьыгъэхэр, абы и л1эужьыгъуэхэр.

**Классым щ1эмысу зэджамк1э урок. (1)**

**Нэхущ Мыхьэмэд Дж. (2)**

Усак1уэм теухуа псалъэ.«Лъэпкъым» усэм «бэлыхьым зи пл1эр имыухуа, лъэгуажьэмыщхьэу зи бын мыува», зи цеик1эм «гынымэр к1эрымык1а» адыгэм и тхыдэ гъуэгуанэр лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Адыгэ быныр щ1ыналъэ куэдым икъухьа щ1эхъуам и щхьэусыгъуэу усак1уэм къигъэлъагъуэхэр. Усак1уэм хэлъ ф1эщхъуныгъэр - дунейр зэрычэзур, адыгэм и 1уэхури тэмэм ззрыхъужынур усэм къызэрыхэщыр,

«Маржэ, адыгэхэ» усэмк1э лъэпкъым и гукъеуэ нэхъ ин дыдэр, хэхэс адыгэхэм я гум къипсэлъыкl щ1ык1эу, усак1уэм къызэри1уатэр. Лъэпкъым къыщыщ1ар ди гум идгъэху зэрымыхъунумк1э къызэрыдэчэнджэщыр. «Дыпсэущ а гугъэр ди1эху» сатырымк1э усак1уэм жи1эну зыхуейр.Усэм и гъэпсык1эр, абы щ1эль гупсысэр къызэрыхигъэщхыхук1 художественнэ 1эмалхэр.Усак1уэм лирикэр къызэрехъул1эр.

**Къэжэр Пётр Хь. (2)**

Къэжэр Петр и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа очерк. «Мыужьых маф1э» поэмэр зытеухуамрэ абы къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщ1э зи псэ зыта зауэл1 къэмылэнджэжхэм я фэеплъыр усак1уэм зэригъэлъап1эр. Дяпэ ита «нэхъыжьыф1хэм я гуащ1эр мыужьыхыж маф1эу» щ1эблэм зэра1ар поэмэм къызэрыхэщыр. Поэмэм и гъэпсык1эм хэлъ щ1эщыгъуагъхэр, художественнэ 1эмалхэм я къэгъэсэбэпык1эр.

**Гъубжокъуэ Лиуан М. (2)**

Гъубжокъуэ Лиуан и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа очерк. Гъубжокъуэм и усыгъэм теухуа обзор. Усэхэр ц1ыху гъащ1эм къыщыхъу 1уэхугъуэ щхьэхуэхэм теухуауэ зэрыщытыр.)Усак1уэм и лирикэм ц1ыхум, щ1ыуэпсым, тхыдэм щаубыд увып1эр. «Автобус къэувы1эп1эм и деж», «Жылэ», «Адыгэ шы ф1эдзап1э» усэхэм ящ1элъ философие гупсысэхэмрэ психологизмэмрэ. Лъэпкъым и блэк1ам, и нобэм, и къэк1уэнум ехьэл1а гупсысэхэр усак1уэм къызэри1уатэ щ1ык1эр. Щалъхуа и лъахэм, ц1ыхухэм яхуи1а лъагъуныгъэр Гъубжокъуэм и лирикэм къызэрыхэщыр. Авторым и лъэпкъ тхыдэр къызэригъэлъагъуэ образхэр, и гурьшъхэр къи1уэтэн шхьэк1э, тегъэщ1ап1э ищ1хэр (дунейм и дахагъыр, псы ежэх ц1ык1ум и къабзагъыр, 1эщ1агъэл1 1ээхэмрэ абыхэм я 1эрык1хэмрэ). Ф1ыр зэрытек1уэнур, ер тепщэу куэдрэ зэрыщымытынур усак1уэм ди ф1эщзэрищ1 зэгъэпщэныгъэхэр.Усак1уэм и бзэр и къулеягъыр.

**Бицу Анэтолэ М. (2)**

Бицу Анэтолэ и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа очерк. Бицум и поэмэхэм теухуа обзор к1эщ1. «Телеграммэ» поэмэр лирическэ тхыгъэ к1эщ1у зэрыщытыр. Поэмэм къи1уатэ 1уэхугъуэмрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ.

Бицу А.М. и литературэ-художественнэ къэлъыхъуэныгъэхэр; и 1эдакъэщ1эк1хэм зэманым и плъыфэхэр къазэрыхэщыр.Адэ-анэмрэ бынымрэ я зэхущытык1эн хуейм, унагъуэм илъыпхъэ пщ1эмрэ нэмысымрэ теухуауэ щы1э адыгэ псалъэжьхэмрэ жы1эгъуэхэмрэ ягу къэгъэк1ыжын.

**Къущхьэ Сулът1ан Хь. (3)**

Къущхьэ Сулът1ан и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа очерк. «Анэ» рассказым и темэмрэ идеемрэ. Рассказым и бзэм и1э щытык1эр.

Рассказым и ухуэк1эм, и купщ1эм и къызэ1ухык1эм хэлъ щ1эщыгъуагъхэр.

И лъэхъэнэгъухэм я псэук1эр, ахэр зыгъэгуф1э, зыгъэп1ейтей 1уэхугъуэхэр тхак1уэм и прозэм темэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар.

**Ацкъан Р.Хь. (1)**

Усак1уэм теухуа псалъэ.Ацкъан Р.Хь. и усэхэр зытеухуамрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Абы къыщигъэсэбэпа художественнэ 1эмалхэр.

**Пхъэш М.Н. (2)**

Усак1уэм теухуа псалъэ.Пхъэш М.Н. и усэхэр лъэпкъ художественнэ дуней лъагъук1э щхьэхуэм и щапхъэу зэрыщытыр.«Мэкъуауэ л1ыжьхэр» усэм ди нэгу къыщ1игъэхьэ теплъэр, усак1уэм къигъэсэбэп зэгъэпщэныгъэ щ1эщыгъуэхэр (п.п., «Аргъынэхэр мэл пшэру мэгъуэлъ, шэмэджхэр шык1эпшынэу...», н.). Л1ыжьхэм я гушы1э дахэр, усэр зэриух сатырит1ым хэль образыр.«Дыгъэмрэ мазэмрэ», «Таурыхъ» (нэгъуэщ1 усэхэмк1и зэпхъуэк1 хъунущ) усэхэм философие лъабжьэ зэра1эр, ц1ыхум гук1э, псэк1э куэд игъэвын хуейуэ къызэрыхудэк1ыр. Усак1уэм гъащ1э ек1уэк1ымрэ таурыхъымрэ щ1ызэпилъыт, щ1ызэригъапщэ, щ1ызэпэщ1игъэувэ щхьэусыгъуэр. Таурыхъ нэхъыбэ къыжра1эжыну усак1уэр щ1элъа1уэр, абык1э и бамп1эр зэрыдихыр. «нэхъыбэу сыт таурыхъым къыпхуищ1эн» псалъэхэм узрагъэгупсысыр.

**Зумакуловэ Танзиля (1)**

«Псалъэ жагъуэ» усэм и темэмрэ идеемрэ и гупсысэ нэхъыщхьэр.

**Къандур Мухьэдин И. (1)**
Тхак1уэм теухуа псалъэ.Къандур М.И. Кавказ зауэм теухуа и романхэр.Балкан щ1ыналъэр п1алъэк1э щхьэегъэзып1э зыхуэхъугъа адыгэ мухьэжырхэр зэзауэ лъэпкъит1ым (тыркухэмрэ сербхэмрэ) яку къыдэхутэу зыхэта гузэвэгъуэмрэ хьэзабымрэ «Маждэ» пычыгъуэм («Шэрджэсхэр. Балкан тхыдэ» романым щыщщ) къызэрыхэщыжыр. И лъэпкъэгъухэр къригъэлын папщ1э гугъуехьми, шынагъуэми пэщ1эувэу, гупым и пашэ къалэныр зи пщэ дэзылъхьэжа адыгэ ц1ыхубзым и образыр тхак1уэми ехъул1эныгъэ нэхъ ину зэрыщытыр.
**Яджам къытегъэзэжын (2)**

**8 класс**

**Еджэныгъэм нэхъыщхьэу къызэщ1иубыдэрХэзыгъэгъуазэ (1)**
Адыгэ литературэр ижь зэманым къыщыщ1эдзауэ ди нобэрей гъащ1эм къэс лъэпкъым и гъащ1эр къыщыгъэлъэгъуауэ.
**19-нэ л1эщ1ыгъуэм и япэ 1ыхьэм псэуа адыгэ щ1эныгъэл1хэмрэ тхак1уэхэмрэ.**
**Нэгумэ Шорэ. (2)**
И гъащ1эмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа обзор. Нэгумэ Ш и хъуапсап1эу щ1эблэр къызыхуриджэу щыта 1уэхугъуэ лъагэхэр.
**«Адыгэ народым и тхыдэ»** тхылъым и ет1уанэ едзыгъуэм къызэщ1иубыдэ пасэрей хъыбархэр. «**Ижь зэманым адыгэхэм я псэук1ар», «Инал и хъыбар», « Идар Темрыкъуэ и хъыбар» « Хъуэхъу"** тхыгъэхэм къа1уатэ 1уэхугъуэхэр япкърылъ гупсысэ нэхъыщхьэхэр.

**Къаз-Джэрий. И гъащ1эмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа обзор.(2)**
**«Хьэжыт1эгъуей ауз»** тхыгъэр. Тхыгъэм и темэмрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ, очеркыр адыгэ литературэм и нэхъыф1у зэрыщытыр. «Хьэжыт1эгъуей аузым» и жанрыр, абы и лирикэ л1ыхъужьым и 1уэху еплъык1эр; и хэкум хуи1э лъагъуныгъэр, ар зауэм зэрыхущытыр, и лъэпкъэгъухэр зыхэт к1ыф1ыгъэм къыхиша зэрыхъунум и 1эмалхэр къызэригъэлъэгъуар. Тхыгъэм и художественнэ 1эмалхэр, пейзажым абы щиубыд щ1ып1эр.

**Хъан-Джэрий Сулът1ан. И гъащ1эмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа обзор. (2)**
**«Шэрджэс хъыбархэр»** тхыгъэр зытеухуамрэ абыхэм къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэрэ.романтизмэм и л1ыхъужь абы щызэф1эгъэувахэр, абыхэм я хьэл-щэнхэр. Адыгэ бзылъхугъэм и образыр повестым къызэрыхэщыжыр. Повестым и бзэм и къулеягъыр.
Хъан-Джэрий Сулът1ан и лъэхъэнэгъухэр къызэхэщыж тхыдэ очеркхэр. Абы и лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр.
**Хьэт1охъущокъуэ Къазий (2)**
**К1ашэ Аджэлджэрий и творчествэм и мыхьэнэр (2)**
«Хъарзынэ» рассказыр**,** къуэк1ып1э лъэпкъхэм я 1уэры1уатэм пыщ1эныгъэ абы зэрыхуи1эр, къызэрыгуэк1э бзылъхугъэм и зэф1эк1ыр, хьэл- щэныр зэрыщэзэф1эгъэуар.

**Бахъсэн узэщ1ак1уэхэр (2)**

Я лъэпкъэгъухэм щ1эныгъэ егъэгъуэтыным 20-нэ л1эщ1ыгъуэм и пэщ1эдзэхэм лъэпкъ узэщ1эак1уэхэм зэрыпащар, апхуэдэ лэжьыгъэхэр адэжь щ1ыналъэми Тыркуми зэрыщек1уэк1ар. Тыркум, Щам щыпсэу адыгэхэм анэдэлъхубзэм тхыбзэ зэрызэхухалъхьар, зэджэн тхылъхэр къызэрыдагъэк1ар.
**Лъэпкъ джэгуак1уэ - усак1уэхэр (2)**
**XIX**-л1эщ1ыгъуэм и ет1уанэ 1ыхьэм-**XX** л1эщ1ыгъуэм псэуа адыгэ джэгуак1уэ-усак1уэ ц1эры1ухэр.
**Абазэ Къамбот, Агънокъуэ Лашэ, Сижажэ Къылъшыкъуэ , Мыжей Сэхьид сымэ ятеухуа обзор.**

Абыхэм ягъэзэщ1а лэжьыгъэм и мыхьэнэр. Адыгэ джэгуак1уэхэм я гуащ1эм ц1ыхубэм хуищ1 пщ1эр. Ди культурэм зиужьынымк1э абыхэм я лэжьыгъэм и мыхьэнэр.

**Пащ1э Бэчмырзэ (3+2)**

Абы и творчествэр адыгэ 1уры1уатэм къызэрыхэтэджык1ар.

Пащ1эм и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. **«Псалъэ пэжхэр»** усэхэм я идейно-художественнэ мыхьэнэр. **«Пщэдджыжь уэрэд»** рассказыр зытепсэлъыхьымрэ абыхэм я гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ.

**Хьэхъупащ1э А.1. (3+2)**

Хьэхъупащ1эм и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Абы и творчествэр адыгэ 1уры1уатэм къызэрыхэтэджык1ар.

Хьэхъупащ1эм и усэхэр нэхъ зытеухуамрэ абыхэм япкърылъ гъэсэныгъэ-ущииныгъэмрэ ехьэл1а обзор.Хэку зауэшхуэм и л1ыхъужьхэм теухуа **«Къардэн Къубэтий», Наурыз Мамышэ»,»Жамборэ Щэуал»**усэхэр.

Хьэхъупащ1э А.и рассказхэр зытеухуамрэ абыхэм я гупсысэ нэхъыщхьэмрэ.

**Адыгэ литературэр 20-40 гъэхэм (1)**

Адыгэ литературэм и зыужьыныгъэр лъэпкъым тхыгъэ и1э зэрыхъуам зэриф1ыщ1эр, зы1эригъэхьа ехъул1эныгъэхэр, тхылъ тедзап1э къызэрызэ1уахар, адыгэбзэк1э газетхэр, журналхэр, тхылъхэр къыдэк1ыу зэрыхуежьар.

Адыгэ литературэм 20-40 гъэхэм усыгъэм бжьыпэр зэрыщи1ыгъар. Пащ1э Б., Хьэхъупащ1э А., Борыкъуей Т, К1ыщокъуэ П. сымэ зэрыщылэжьар. Адрейуэ щ1эуэ литературэм къыхыхьа гупыр: Щоджэнц1ык1у А., Щак1уэ Т., Уэхъутэ А., ГъуэщокъуэХъу., Аф1эунэ М., К1ыщокъуэ А., Щоджэнц1ык1у 1., Щомахуэ А., К1ащ Б.. Жанр щ1эуэ къыхыхьахэр. Прозэм игъуэта зыужьыныгъэр. Лъэпкъ драматургием зэрызиужьыр.

**Щоджэнц1ык1у А.1. (9+2)**

Щоджэнц1ык1ум и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.

**«Сэтэней», «Сэтэней дахэ»** усэхэм адыгэ бгырысхэм я образыр зэрыщызэф1эувар

Пейзажым теухуа усэхэр: «Пщэдджыжь», «Щ1ымахуэ». Щоджэнц1ык1у А.и поэмэхэм теухуа обзор к1эщ1.**»Щ1ымахуэ жэщ» Тембот и дыгъуасэхэр » «Партизан Жамбот», «Ныбжьыщ1э хахуэ»**поэмэхэр зытеухуар, абыхэм къыщыгъэлъэгъуа гупсысэ нэхъыщхьэхэр.

«**Мадинэ»** поэмэр зэманк1э зытеухуар, хэт образхэр, къи1эт 1уэхугъуэхэр. Поэмэм и художественнэ гъэпсык1э, бзэр, л1ыхъужьхэм я литературнэ портретыр.

**«КъамботрэЛацэрэ»** романыр.Феодальнэ лъэхъэнэм адыгэ лъэпкъым и псэук1ар пэжагъ инрэ 1эзагърэ хэлъу Щоджэнц1ык1ум и тхыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Пщыл1ып1эм и лъэхъэнэ хьэлъэр, я щхьэхуитыныгъэм папщ1э ц1ыхубэм ирагъэк1уэк1 бэнэныгъэр романным къызэрыщыгъэлъэгъуар. Къамбот, Лацэ, Хьэсанш, Джэгуак1уэ л1ыжьым я образхэр романым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Романым и художественнэ гъэпсык1э, бзэр, л1ыхъужьхэм я литературнэ портретыр.

Щоджэнц1ык1у А.1.и творчествэм и мыхьэнэр.

**К1эрашэ Тембот (3+2)**

К1эрашэ Т.и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. К1эрашэм и прозэм теухуа обзор. **«**Налмэс**»** повестыр зытеухуар, лъабжьэ хуэхъуар. Анчокъурэ Гулэзрэ я образхэр.

**Щомахуэ Амырхъан Къ. (3)**

Щомахуэ Амырхъан и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.Щомахуэм и усэхэр гуры1уэгъуэу тхауэ, еджак1уэхэм дежк1э гъэсэныгъэ-ущиеныгъэ мыхьэнэ япкърылъу зэрыщыт.Усэхэр нэхъыбэу зытеухуар,абыхэм къахэщ образ нэхъыщхьэр.Щомахуэм и сабий усэхэмрэ и лирикэмрэ я бзэр.Ди адыгэ сабий литературэр къызэгъэпэщынымк1э, абы зегъэужьынымк1э Щомахуэ Амырхъан иригъэк1уэк1а лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр.

**«Бгырыс шухэр »** романыр зытеухуамрэ абы къыщы1эта 1уэхугъуэхэмрэ. Лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэр романым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Романым и художественнэ гъэпсык1эр

**Теунэ Хьэчим** И. **(5+2)**

Теунэ Хьэчим и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.Абы и повестхэмрэ и рассказхэмрэ теухуа обзор к1эщ1.Теунэм и повесть «Аслъэн» зытеухуар,къызэрыгуэк1 мэкъумэшыщ1эр и хуитыныгъэ р ихъумэжыну революционнэ гъуэгу зэрытеувэр къызэрыхэщыжыр.
«Псэм и 1эф1ыр къуатмэ» романыр зытеухуар, абы пкърылъ гупсысэ нэхъыщхьэхэр. Тхыгъэхэм и идейно - художественнэ мыхьэнэмрэ и художественно-нравственнэ щытык1эмрэ. Ахьмэдрэ Благонравовымрэ я образхэр. Литературэм и теорие: л1ыхъужьым и сурэтыр, художественнэ тхыгъэм абы щигъэзащ1э къалэныр.

**Гъуэщокъуэ Хъусин Хь. (4)**

Гъуэщокъуэ Хъусин и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.Гъуэщокъуэм и усэхэр зытеухуа 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр.Гъуэщокъуэм и поэмэхэм теухуа обзор.Гъуэщокъуэм и прозаическэ тхыгъэхэр нэхъ зытеухуа 1уэхугъуэхэмрэ абыхэм къыщы1эта гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ. **«Адэмрэ къуэмрэ»** повесть –трилогием е-20-нэ л1эщ1ыгъуэм и пэщ1эдзэм къыщыщ1эдзауэ 30 гъэхэм нэсыху къэхъуа 1уэхугъуэхэр езы тхак1уэм и гъащ1эм епхауэ, абы и нэгу щ1эк1ахэм ехьэл1ауэ зэрыщытыр. Тхак1уэм и бзэр.

**Къардэнгъущ1 Зырамыку. (3)**

И гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» драмэр тхак1уэм щитха лъэхъэнэр. 1уэры1уатэмрэ драмэмрэ зэпыщ1ауэ зэрыщытыр. Ц1ыхум и щхьэхуитыныгъэм папщ1э мэкъумэшыщы1эхэм ирагъэк1уэк1 бэнэныгъэр драмэм къыхэрыщыгъэлъэгъуар. Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ я образхэр. Ц1ыхур зы1эт, псэр зыгъэхъуапсэ тыгъэ лъап1э дыдэу лъагъуныгъэр пьесэм къызэрыщык1уэр. Пьесэм лъэпкъ драматургием щиубыд увып1эр. Литературэм и теорие: драмэ л1эужьыгъуэхэр. **Къытегъэзэжыныгъэ(3)**

**Тематическэ план**

| № | Разделхэр | Сыхь. бж. | Абыхэм щыщу: | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Теорие | Тест лэжь | Сочиненэ |
| **5 класс** | | | | | |
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ. Адыгэ 1уэры1уатэ | 13 | 13 | | |
| 2 | К1ыщокъуэ Алим | 2 | 2 | | |
| 3 | Акъ Мухьэрбэч | 3 | 3 | | |
| 4 | ПащIэ Бэчмырзэ | 1 | 1 | | |
| 5 | Цагъуэ Нурий | 2 | 2 | | |
| 6 | Бещтокъуэ Хьэбас | 1 | 1 | | |
| 7 | Мечиев Кязим | 1 | 1 | | |
| 8 | Къашыргъэ Хьэпащ1э | 4 | 4 | | |
| 9 | Уэхъутэ Абдулыхь | 3 | 3 | | |
| 10 | Кулиев Къайсын | 1 | 1 | | |
| 11 | КIуащ Бет1ал | 1 | 1 | | |
| 12 | Журт Биберд | 3 | 3 | | |
| 13 | Хьэнфэн Алим | 1 | 1 | | |
| 14 | Щомахуэ Амырхъан | 1 | 1 | | |
| 15 | Къагъырмэс Борис | 2 | 2 | | |
| 16 | ЩоджэнцIыкIу Алий | 1 | 1 | | |
| 17 | БакIуу Марие | 2 | 2 | | |
| 18 | Гъэунэ Б.Хь. | 4 | 2 | | **2** |
| 19 | Гъубжокъуэ Лиуан | 3 | 3 | | |
| 20 | Тхьэгъэзит Зубер | 1 | 1 | | |
| 21 | Кл.щIыб еджэныгъэ | 7 | 7 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 22 | Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ | 5 | 5 | | |
| 23 | Гъэ псом яджахэр къызэрапщытэ лэжьыгъэ | 6 | 7 | 1 | |
| **Псори** | | **68** | **67** | **1** | **2** |
| **6 класс** | | | | | |
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ. Нарт хъыбархэр | 3 | 3 | | |
| 2 | Тхыдэр зи лъабжьэ хъыбархэр | 4 | 4 | | |
| 3 | Пасэ зэманыр къызыхэщыж тхыгъэхэр | 5 | 5 | | 2 |
| 4 | Хэку зауэшхуэм теухуа тхыгъэхэр | 9 | 9 | | 2 |
| 5 | Ди зэманыр къызыхэщ тхыгъэхэр | 12 | 12 | | |
| 6 | Кл. щIыб еджэныгъэ | 1 | 1 | | |
| 7 | Гъэ псом яджахэр къызэрапщытэ тест лэжьыгъэ | 1 | | 1 | |
| | **Псори** | **34** | **30** | **1** | **4** |
| **7 класс** | | | | | |
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ. | | | | |
| 2 | Адыгэ 1уэры1уатэ | 6 | 4 | | 2 |
| 3 | Адыгэ литературэ | 28 | 24 | | 4 |
| 4 | Къытегъэзэжыныгъэ | | | 1 | |
| **Псори** | | **34** | **28** | **1** | **6** |
| | **8 класс** | | | | |
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ | 1 | 1 | | |
| 2 | Адыгэ 1уэры1уатэ | 4 | 4 | | |
| 3 | Иджырей адыгэ литературэ | 28 | 24 | | 4 |
| 4 | Къытегъэзэжыныгъэ | 1 | 2 | | |
| **Псори** | | **34** | **31** | | **4** |
| | **9 класс** | | | | |
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ | 1 | 1 | | |
| 2 | 19-нэ л1эщ1ыгъуэм и япэ 1ыхьэм псэуа щ1эныгъэл1хэр | 26 | 22 | | 4 |
| 3 | Адыгэ литературэр 20-40 гъэхэм | 38 | 32 | | 6 |
| 4 | Къытегъэзэжыныгъэ. Тест лэжьыгъэ. | 3 | 2 | 1 | |
| **Псори** | | **68** | **57** | **1** | **10** |
| **Псори гъэ псом яджынур** | | **238** | | | |

# Календарнэ-тематическэ план

**5 классым зэреджэну тхылъыр зэхигъэуващ Багъ Н, Балэ Л.Ф.**
**Нальчик "Эльбрус"2013-2020 гъ.гъ.**

**Тхьэмахуэм сыхъэти 2**

**Идъэсым сыхъэт 68**

| № п/п | Урокыми темэр | Сыхьэт бжыгъ | Щаджыну зэман | Щаджа зэман |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Хэзыгъэгъуазэ. Литературэм ц1ыху гъащ1эм щи1э мыхьэнэр | 1 | | |
| 2. | Адыгэ 1уэры1уатэр. Адыгэ псысэхэр | 1 | | |
| 3. | Адыгэ псысэхэр | 1 | | |
| 4. | «Бажэ хеящ1э» таурыхъыр зытеухуар | 1 | | |
| 5. | «Дзыгъуэхэм я хейр джэдум зэрищ1ар» | 1 | | |
| 6. | «Пк1ауэ и джэш дзык1э» | 1 | | |
| 7. | «Къэблэжьар лъап1эщ» | 1 | | |
| 8. | **Кл. щ1ыб еджэныгъэ** «Тхьэк1умэк1ыхь анэжьыр, Бажэр, Дыгъужьыр» | 1 | | |
| 9. | «Иныжьым и къан» | 1 | | |
| 10. | «Иныжьым и къан» | 1 | | |
| 11. | **Б/з. Жьэры1уатэу таурыхъ к1эщ1 ц1ык1у зэхэлъхьэн** | 1 | | |
| 12. | Псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ | 1 | | |
| 13. | Псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ | 1 | | |
| 14. | Къуажэхьхэр | 1 | | |
| 15. | Псынщ1эрыпсалъэхэр | 1 | | |
| 16. | К1ыщокъуэ А. «Елбэздыкъуэ» и литературнэ псысэр | 1 | | |
| 17. | К1ыщокъуэ А. «Елбэздыкъуэ» и литературнэ псысэр | 1 | | |
| 18. | **Класс щ1ыб еджэныгъэ** «Къарэ лъакъуищ» | 1 | | |
| 19. | **Б/з. Зэджа литературнэ псысэр къыжы1эжын** | 1 | | |
| 20. | Акъ М.У. «Маргъын и шабзэ» рассказыр | 1 | | |
| 21. | Акъ М.У. «Маргъын и шабзэ» рассказыр | 1 | | |
| 22. | Акъ М.У. «Маргъын и шабзэ» рассказыр | 1 | | |
| 23. | Пащ1э Б. «Бэлыхь зимы1эр захуагъэщ» | 1 | | |
| 24. | Цагъуэ Н. «Уэсыр сытым къыхэк1рэ?» | 1 | | |
| 25. | Цагъуэ Н. «Уэсыр сытым къыхэк1рэ?» | 1 | | |
| 26. | Бештокъуэ Хь. Къ. «Уэсым и гъуэгуанэ» | 1 | | |
| 27. | **Кл. щ1ыб еджэныгъэ** Къэзэнокъуэ Жэбагъы «Жэбагъы и хъуэхъу» | 1 | | |
| 28. | Мечиев К. « Си къуэм папщ1э» | 1 | | |
| 29. | Уэхъутэ А.Н. «Дудакъ» рассказыр | 1 | | |
| 30. | Уэхъутэ А.Н. «Дудакъ» рассказыр | 1 | | |
| 31. | Уэхъутэ А.Н. «Дудакъ» рассказыр | 1 | | |
| 32. | **Б/з.Текстым хэт псалъэ гуры1уэгъуейхэм псалъалъэмк1э егъэлэжьын** | 1 | | |
| 33. | Къашыргъэ Хь.Хь. «Зы жэщ» рассказыр | 1 | | |
| 34. | Къашыргъэ Хь.Хь. «Зы жэщ» рассказыр | 1 | | |
| 35. | Къашыргъэ Хь.Хь. «Зы жэщ» рассказыр | 1 | | |
| 36. | Лит. и теорие. Литературэ л1ыхъужьыр, къызэщ1эзыкъуэ къару абы щ1элъыр,и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 37. | **Кл. щ1ыб еджэныгъэ** К1ыщокъуэ А. «Гъуэгу къежьап1э» | 1 | | |
| 38. | Кулиев К.Ш. «Анэ» усэр | 1 | | |
| 39. | К1уащ Б. «Си гъусэщ» усэр.Лит. и теорие. Усэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэрЗэгъэпщэныгъэ, къэгъэпсэуныгъэ худ. 1эмалхэр | 1 | | |
| 40. | Журт Б. «Адэ лъапсэжь» рассказыр зытеухуар, гупсысэ | 1 | | |
| | щ1элъыр. (Тема рассказа Биберта Журтова . « Адэ лъапсэжь») | | | |
| 41. | «Адэ лъапсэжь» рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр | 1 | | |
| 42. | Рассказым къыхэщыж л1ыхъужьхэр | 1 | | |
| 43. | **Кл. щ1ыб еджэныгъэ** Щоджэнц1ык1у А. «Гъатхэ»,«Бжьыхьэ» | 1 | | |
| 44. | Хьэнфэн А.М. «Мывэ къуэлэн ц1ык1у» рассказыр | 1 | | |
| 45. | **Б/з. Усэм гъэхуауэ къеджэным елэжьын** | **1** | | |
| 46. | Щомахуэ А.Къ. «Зэраншу» усэр | 1 | | |
| 47. | Къагъырмэс Б. «Псори зыщ1э Болэт» рассказым | 1 | | |
| 48. | Къагъырмэс Б. Басняхэр «Хьэдзыгъуэнэмрээ Бжьэмрэ», «Укъызэрынэжыну зыщ1» | 1 | | |
| 49. | Щоджэнц1ык1у А.1. «Май» усэр | 1 | | |
| 50. | Бак1уу М.И. «Щ1акхъуэ» рассказыр | 1 | | |
| 51. | Бак1уу М.И. «Щ1акхъуэ» рассказыр | 1 | | |
| 52. | **Кл. щ1ыб еджэныгъэ.** Гъубжокъуэ Л. и усыгъэр | 1 | | |
| 53. | Гъэунэ Б.Хь. «Уэ къэк1уэж закъуэ, папэ!» рассказыр | 1 | | |
| 54. | Гъэунэ Б.Хь. «Уэ къэк1уэж закъуэ, папэ!» рассказыр | 1 | | |
| 55. | **Б/з. «Зауэм и к1эр хьэдагъэщ» счиненэм елэжьын** | 1 | | |
| 56. | **Сочиненэр тхын** | 1 | | |
| 57. | Гъубжокъуэ Л. «Бжьэ къэпщ1ахэр» рассказым | 1 | | |
| 58. | Гъубжокъуэ Л. «Бжьэ къэпщ1ахэр» рассказыр | 1 | | |
| 59. | Гъубжокъуэ Л. «Бжьэ къэпщ1ахэр» рассказыр | 1 | | |
| 60. | Тхьэгъэзит З.М. «Гуапагъэ» усэр | 1 | | |
| 61. | **Кл. щ1ыб еджэныгъэ.** Шортэн А. «Л1ыгъэм и вагъуэ» | 1 | | |
| 62. | **Б/з. Ф1ыуэ ялъагъу тхак1уэм е усак1уэм я сабиигъуэм теухуа хъыбар к1эщ1** | 1 | | |
| 63. | Гъэ псом яджар къэпщытэжын . Адыгэ 1уэры1уатэр | 1 | | |
| 64. | Литературнэ псысэхэр | 1 | | |
| 65. | Зауэм теухуауэ дджа тхыгъэхэр | 1 | | |
| 66. | Литературэм и теориер | 1 | | |
| 67-68 | Резервнэ сыхьэтхэр | 2 | | |

# Календарнэ-тематическэ план

**6 класс - Ержыб А. Нальчик "Эльбрус"2014-2020 гъ.гъ**
**Тхьэмахуэм сыхъэт 1**
**Илъэсым сыхъэт 34**

| № п/п | Урокыми темэр | Сыхьэтб жыгъэр | Щаджыну зэман | Щаджа зэман |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Нарт эпосым хэзыгъэгъуазэ. «Тхьэгъэлэджрэ Лъэпщ и къуэ Дзэхущрэ» | 1 | | |
| 2 | «Лъэпщ 1эдэ зэрищ1ар» | 1 | | |
| 3 | «Нартхэм я гъубжэ», «Сэтэней и л1эк1ар». | 1 | | |
| 4 | Классым щ1эмысу зэджамк1э урок | 1 | | |
| 5 | «Андемыркъан щ1алэ ц1ык1уу зек1уэ зэрык1уар» | 1 | | |
| 6 | Беслъэн Пц1апц1э. | 1 | | |
| 7 | Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа псалъэ «Делэм сэ сыф1ок1, губзыгъэр езыр къысф1ок1» | 1 | | |
| 8 | Къэзэнокъуэ Ж. «Хэт мысэр?» | 1 | | |
| 9 | Щоджэнц1ык1у Алий «Щ1ымахуэ жэщ» поэмэр | 1 | | |
| 10 | «Хьэжыгъэ пут закъуэ» къеджэн, тепсэлъыхьын | 1 | | |
| 11 | Рассказ псом теухуа упщ1эхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ. Литературэм и теорие | 1 | | |
| 12 | **Сочиненэм хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 13 | **Сочиненэ «Хьэсет ц1ык1у зыхуэдэр»** | 1 | | |
| 14 | Шортэн Аскэрбий. «Балъкъ и деж» Тхыгъэм и темэр, щ1элъ гупсысэ нэхъыщхьэр | 1 | | |
| 15 | Брат Хьэбас «Замир» рассказыр | 1 | | |
| 16 | «Замир» рассказыр зэпкърыхын. Нанэ зыхуэдэр. | 1 | | |
| 17 | **Сочиненэм хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 18 | **Сочиненэ. «Нанэ зыхуэдэр».** | 1 | | |
| 19 | К1эрашэ Тембот «Гум ф1эфк1э» къеджэн | 1 | | |
| 20 | «Гум ф1эфк1э» тхыгъэм хэт образхэр. Литературэм и теорие | 1 | | |
| 21 | Абыт1э Владимир «Л1ыгъэм и дамыгъэ» поэмэр. Поэмэм и темэр, идеер, и ухуэк1эр | 1 | | |
| 22 | Щомахуэ Амырхъан «Зэкъуэшит1» рассказыр | 1 | | |
| 23 | К1ыщокъуэ Алим «Гъуэгу къежьап1э», «Поэзие» усэхэр | 1 | | |
| 24 | «Си хъуэхъу», «Пасэрей хабзэ» усэхэр. | 1 | | |
| 25 | К1уащ Бет1ал «Сэ сф1эф1щ»,«Гуащ1эдэк1» ,«Зэманыр 1уэхук1э зыгъэнщ1ыфыр»усэхэр.Литературэм и теорие. | 1 | | |
| 26 | Дыгъужь Къурмэн. «Мырсыт.» | 1 | | |
| 27 | Дыгъужь Къурмэн. «Мырсыт.» | 1 | | |
| 28 | Гъубжокъуэ Лиуан «Къуршхэр плъырщ» усэр | 1 | | |
| 29 | Жылэтеж Сэлэдин «К1ыгугу лъэпкъым я 1уэдыжык1ар | 1 | | |
| 30 | Жылэтеж Сэлэдин «К1ыгугу лъэпкъым я 1уэдыжык1ар | 1 | | |
| 31 | Сонэ Абдулчэрим. «Шагъдий». | 1 | | |
| 32 | Жаным Борис «Щ1ы1убымрэ ужьэмрэ» басняр | 1 | | |
| 33 | Абыт1э Хъызыр. «Бгы абрагъуэмрэ джэдык1э ц1ык1умрэ», . «Жэщым и 1эф1ыгъуэм» | 1 | | |
| 34 | 1ут1ыж Борис «Насыпыр щаугуэшыр пщэдджыжьырщ» Къуиикъуэ Н.Ю. «Жыгыр пызыупщ1хэм» | 1 | | |

# Календарнэ-тематическэ план

**7 класс -** ТIымыжь Хь. Нальчик "Эльбрус"2014-2020 гъ.гъ.
**Тхьэмахуэм сыхъэт 1**
**Илъэсым сыхъэт 34**

| № | Яджыну темэхэр | Сыхь. бж. | Щаджыну зэм. | Щаджа зэман |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Адыгэ нарт эпос. «Сосрыкъуэрэ Т1от1рэшрэ я пшыналъэ». «Ашэмэз и пшыналъэ» | 1 | | |
| 2 | «Ашэмэз и пшыналъэ» Сатыр 30 гук1э | 1 | | |
| 3 | «Бэдынокъуэ чынтым зэрезэуар. | 1 | | |
| 4 | Лъэпкъ уэрэдыжьхэр.«Щолэхъупщ и уэрэд» «Шэджэмокъуэ Хьэсанш и уэрэд». «Жэнсэхъухэ я нысэм и тхьэусыхэ». Теорие. | 1 | | |
| 5 | **Б.З.Л. Изложенэм хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 6 | **Б.З.Л. Изложенэ тхын** | 1 | | |
| 7 | **Щоджэнц1ык1у 1эдэм. .**«Псынэ» **,**«Анэдэлъхубзэ» гук1э | 1 | | |
| 8 | **Бемырзэ Мухьэдин**. «Уадыгэным къик1ыр», «Лъэ1у» гук1э | 1 | | |
| 9 | **Анзор Мухьэмэд. «**Атэлыкъым и лъэужьыр Литературэм и теорие. | 1 | | |
| 10 | **Анзор Мухьэмэд. «**Атэлыкъым и лъэужьыр Литературэм и теорие | 1 | | |
| 11 | **Мыжей Михаил** «Пщэху» новеллэр | 1 | | |
| 12 | **Нало Заур** «Щ1ыху напэ» балладэр сатыр 32 гук1э | 1 | | |
| 13 | Балладэм и темэр, идеер, образхэр. Литературэм и теорие | 1 | | |
| 14 | **Б.З.Л. Сочиненэ «Сэ «Щ1ыху напэ» балладэм сызригъэгупсысар»** | 1 | | |
| 15 | **К1ыщокъуэ Алим.** «Сабий»,«Усэ къарук1э бийр бгъэсу» гук1э | 1 | | |
| 16 | **Хъупсырокъуэ Хъызыр.** «Имыхабзэу щыуат». | 1 | | |
| 17 | «Имыхабзэу щыуат». | 1 | | |
| 18 | **Елгъэр Кэшиф** «Псы къиуа» | 1 | | |
| 19 | **Уэрэзей Афлик.**«Пщэдджыжь»,«Нэгъуэщ1 насыпу сыт сыхуей» | 1 | | |
| 20 | **Брат Хьэбас** «Лъэпкъым и къуэпсхэр» рассказыр | 1 | | |
| 21 | **Шэджыхьэщ1э Хьэмыщэ**. «Къуэрылъху» | 1 | | |
| 22 | **Мыкъуэжь Анэтолэ**.«Гущэкъу уэрэд»,«Псалъэ жагъуэ» гук1э | 1 | | |
| 23 | **Джэдгъэф Борис**. «Къандыгъэ и бжьыхьит1». | 1 | | |
| 24 | **Къэжэр Хьэмид.** «Щ1ыр щ1эхъейр». Къабзагъэм и гъуджэ. | 1 | | |
| 25 | **Мэзыхьэ Борис**. «Дыгъэр зэрыунк1ыф1ар» | 1 | | |
| 26 | **Къумыкъу Мамдухь.** «Сабийхэр щым щыхъум». | 1 | | |
| 27 | **Къармокъуэ Мухьэмэд**. «Щ1акхъуэ 1ыхьэ». | 1 | | |
| 28 | **Сочиненэм хуэгъэхъэзырын** | 1 | | |
| 29 | **Сочиненэ «Анэр нэм хуэдэщ»** | 1 | | |
| 30 | **Хьэх Сэфэрбий** «Щ1ыхухэр зауэ щыужынт», «Къурш псынэм и уэрэд» усэхэр | 1 | | |
| 31 | **Тхьэгъэзит Зубер** «Щ1ыр мэлажьэ»,«Гъатхэ»,«Адыгэ пшынэ» гук1э. | 1 | | |
| 32 | **Мэшбащ1э Исхьэкъ**. «Насып», «Адыгэ цей», **Бицу Анэтолэ.** «Си анэдэлъхубзэ» гук1э | 1 | | |
| 33 | **Бицу Анэтолэ.** «Си анэдэлъхубзэ» гук1э | 1 | | |
| 34 | Яджахэр къэпщытэжын. Тест лэжьыгъэ | 1 | | |

# Календарнэ-тематическэ план

**8 класс -** БищIо Б. Ч., Нальчик "Эльбрус", 2014-2020 гъ.гъ.

**Тхьэмахуэм сыхъэт 1**
**Илъэсым сыхъэт 34**

| № | Яджыну темэхэр | Сыхь бж. | Щаджыну зэм. | Щаджа зэман |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Адыгэ 1уэры1уатэр.«Сосрыкъуэ нарт хасэ япэу зэрык1уар» | 1 | | |
| 2 | «Сосрыкъуэ маф1э къызэрихьар» | 1 | | |
| 3 | «Бэдынокъуэ и адэр ук1ып1эм къызэрыришыжар» | 1 | | |
| 4 | «Бэдынокъуэ нартхэм къахилъхьа хабзэф1ыр» | 1 | | |
| 5 | Адыгэ уэрэдыжьхэр. Хьэтхым и къуэ Мыхьэмэт.Лабэдэсхэм я гъыбзэ | 1 | | |
| 6 | Щоджэнц1ык1у Алий «Нанэ» усэр. | 1 | | |
| 7 | Бзэмрэ художественнэ литературэмрэ | 1 | | |
| 8 | Къылышбий Исмэхьил «1уэдыщэ».<br>Литературэм и теорие. | 1 | | |
| 9 | К1ыщокъуэ Алим«Мэжджыт» тхыгъэм адыгэ хабзэр къызэрыщыгъэлъэгъуар | 1 | | |
| 10 | К1ыщокъуэ Алим «Хъыбар дахэ зыхуэфащэ».Пычыгъуэ гук1э | 1 | | |
| 11 | К1ыщокъуэ Алим«Бабыщыкъуэ адакъэпщ.» | 1 | | |
| 12 | Хьэкъун Исуф«Бзылъхугъэ шу щэху» повестым щ1элъ гупсысэ нэхъыщхьэр | 1 | | |
| 13 | Хьэкъун Исуф«Бзылъхугъэ шу щэху» повестым щ1элъ гупсысэ нэхъыщхьэр | 1 | | |
| 14 | **Изложенэ** | 1 | | |
| 15 | К1уащ Бет1али лирикэр «Ф1ымрэ 1еймрэ» гук1э<br>Литературэм и теорие | 1 | | |
| 16 | Дыгъужь Къурмэн «Бжьыхьэ псыдзэ» | 1 | | |
| 17 | Акъсырэ Залымхъан «Дахэнагъуэ»пьесэм и темэр, гупсысэр. | 1 | | |
| 18 | Акъсырэ Залымхъан «Дахэнагъуэ»пьесэм къыхэщ образхэр | 1 | | |
| 19 | **Б.З.Л. Сочиненэм хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 20 | **Б.З.Л. Сочиненэ «Джэримэс и образыр»** | 1 | | |
| 21 | Нэхущ Мухьэмэд «Лъэпкъым»- гук1э. «Маржэ, адыгэхэ».<br>Литературэм и теорие | 1 | | |
| 22 | Къэжэр Петр«Мыужьых маф1э» поэмэр. Сатыр-30 гук1э. | 1 | | |
| 23 | Къэжэр Петр«Мыужьых маф1э» поэмэр. Сатыр-30 гук1э. | 1 | | |
| 24 | Гъубжокъуэ Лиуаниусэхэр. «Адыгэ шы ф1эдзап1э» -гук1э | 1 | | |
| 25 | Бицу Анатолэ«Телеграммэ» поэмэм и темэр, идеер | 1 | | |
| 26 | Бицу Анатолэ«Телеграммэ» поэмэм и темэр, идеер | 1 | | |
| 27 | Къущхьэ Сулът1ан«Анэ» рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр | 1 | | |
| 28 | Анусэрэ Салимэрэ я образхэр | 1 | | |
| 29 | **Б.З.Л. Сочиненэ «Салимэ и образыр»** | 1 | | |
| 30 | Ацкъан Руслан.«Ф1эщщ1ыгъуаф1эу узи1эщ, си лъахэ» -гук1э | 1 | | |
| 31 | Пхъэш Му1эед и усэхэр. «Мэкъуауэ л1ыжьхэр»- гук1э | 1 | | |
| 32 | Зумакуловэ Танзиля. «Псалъэ жагъуэ» | 1 | | |
| 33 | Къандур Мухьэдин. «Маждэ» | 1 | | |
| 34 | Гъэ псом яджар къытегъэзэжын | 1 | | |

# Календарнэ-тематическэ план

**9 класс -** ХьэкIуащэ А.  Нальчик "Эльбрус"2014-2020 гъ.гъ.
**Тхьэмахуэм сыхъэт   2**
**Илъэсым сыхъэт  68**

| № | **Урокым и темэхэр** | **Сыхь бж.** | **Щаджыну зэман** | **Щаджа зэман** |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ | 1 | | |
| 2 | Нэгумэ Шорэи гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 3 | Нэгумэ Шорэ и тхыгъэхэр. «Хъуэхъу» усэр гук1э | 1 | | |
| 4 | Къаз-Джэрий и творческэ гъуэгуанэр | 1 | | |
| 5 | «Хьэжыт1эгъуей ауз» очеркыр | 1 | | |
| 6 | Хъан-Джэрий и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 7 | «Шэрджэс хъыбархэр». Темэр, идеер. | 1 | | |
| 8 | Классщ1ыб еджэныгъэ | 1 | | |
| 9 | Хьэт1охъущокъуэ Къазий и творческэ гъуэгуанэр | 1 | | |
| 10 | «Хъарзынэ» рассказыр | 1 | | |
| 11 | К1ашэ Адылджэрийи творческэ гъуэгуанэр | 1 | | |
| 12 | «1уащхьэ щыгум» тхыгъэр | 1 | | |
| 13 | Бахъсэн узэщ1ак1уэхэр. Цагъуэ Нурий и творческэ гъуэгуанэр | 1 | | |
| 14 | Дым 1эдэм, Куп Хьэжы-Исмэг1ил сымэ я творческэ гъуэгуанэр | 1 | | |
| 15 | Лъэпкъ джэгуак1уэ усак1уэхэр | 1 | | |
| 16 | Лъэпкъ джэгуак1уэ усак1уэхэр | 1 | | |
| 17 | Пащ1э Бэчмырзэи творческэ гъуэгуанэр | 1 | | |
| 18 | Пащ1эм и усэхэр | 1 | | |
| 19 | «Уэсят» усэм щ1элъ гупсысэр, усэр гук1э | 1 | | |
| 20 | **Б.З.Л. Изложенэм хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 21 | **Б.З.Л. Изложенэр егъэтхыжын** | 1 | | |
| 22 | Классщ1ыб еджэныгъэ | 1 | | |
| 23 | Хьэхъупащ1э Амырхъани гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 24 | Хьэхъупащ1эм и усэхэр «Гъэм и зэманхэр» гук1э | 1 | | |
| 25 | «Пщэдджыжь уэрэд» рассказыр | 1 | | |
| 26 | **Б.З.Л. Сочиненэм хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 27 | **Б.З.Л. Сочиненэ «Щ1ыхум и лэжьыгъэр и дамыгъэщ»** | 1 | | |
| 28 | Адыгэ литературэр 1920 -1940 гъэхэм | 1 | | |
| 29 | Классщ1ыб еджэныгъэ | 1 | | |
| 30 | Щоджэнц1ык1у Алийи творческэ гъуэгуанэр | 1 | | |
| 31 | Щоджэнц1ык1у Алий и усэхэм теухуа обзор. | 1 | | |
| 32 | Щоджэнц1ык1у Алий и поэмэхэр. «Мадинэ» поэмэм и темэр, идеер | 1 | | |
| 33 | Поэмэм хэт образхэр | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 34 | Поэмэм и гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | 1 | | |
| 35 | «Къамботрэ Лацэрэ» усэу тха романыр. Хэзыгъэгъуазэр гук1э | 1 | | |
| 36 | Къамботрэ Лацэрэ я образыр | 1 | | |
| 37 | Романым къыхэщ адрей образхэр | 1 | | |
| 38 | Романым и художественнэ гъэпсык1эр, бзэр Литературэм и теориер | 1 | | |
| 39 | **Б.З.Л. Сочиненэм хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 40 | **Б.З.Л. Сочиненэ: Лацэ и образыр** | 1 | | |
| 41 | Классщ1ыб еджэныгъэ | 1 | | |
| 42 | К1эрашэ Темботи гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 43 | «Налмэс» повестым и темэр, идеер | 1 | | |
| 44 | Повестым хэт образхэр | 1 | | |
| 45 | **Б.З.Л. Сочиненэм хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 46 | **Сочиненэ «Адыгэхэм я псэук1ар повестым къызэрыхэщыр** | 1 | | |
| 47 | Классщ1ыб еджэныгъэ | 1 | | |
| 48 | Щомахуэ Амырхъан и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 49 | «Бгырыс шухэр» темэр, идеер. Литературэм и теориер | 1 | | |
| 50 | Романым хэт образхэр. Романым и художественнэ гъэпсык1эр,бзэр | 1 | | |
| 51 | Теунэ Хьэчими гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 52 | «Аслъэн» повестым и темэр, идеер, образхэр | 1 | | |
| 53 | «Псэм и 1эф1ыр къуатмэ» романым и темэр, идеер. | 1 | | |
| 54 | Ахьмэдрэ Л.П. Благонравовымрэ я образхэр | 1 | | |
| 55 | Романым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр. Теорие. | 1 | | |
| 56 | **Сочиненэ тхыным хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 57 | **Б.З.Л. Сочиненэ «Лъэпкъым и псэр и бзэщ».** | 1 | | |
| 58 | Гъуэщокъуэ Хъусин и творческэ гъуэгуанэр | 1 | | |
| 59 | Гъуэщокъуэм и лирикэр | 1 | | |
| 60 | «Адэмрэ къуэмрэ» повестым и темэмрэ идеемрэ | 1 | | |
| 61 | Повестым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | 1 | | |
| 62 | Классщ1ыб еджэныгъэ | 1 | | |
| 63 | Къардэнгъущ1 Зырамыку и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 64 | «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» темэр идеер. | 1 | | |
| 65 | Пьесэм хэт образхэр, бзэр | 1 | | |
| | **Гъэ псом яджар къэпщытэжын.** | | | |
| 66 | Лъэпкъ джэгуак1уэ – усак1уэхэр. | 1 | | |
| 67 | Бахъсэн узэщ1ак1уэхэр | 1 | | |
| 68 | Щоджэнц1ык1у Алий и творчествэр. | 1 | | |